



Dongenge Wong Banyuwangi

HASANAN SINGODIMAYAN
ANDANG C.Y
ABDULLAH FAUZI
HASAN BASRI



Dinas Perpustakaan dan Kearsipan
Kabupaten Banyuwangi



Dongenge Wong Banyuwangi

HASNAN SINGODIMAYAN
ANDANG C.Y
ABDULLAH FAUZI
HASAN BASRI



Dinas Perpustakaan dan Kearsipan
Kabupaten Banyuwangi

DONGENG WONG BANYUWANGI

Penulis : Hasnan Singodimayan , Andang C.Y.
Abdullah Fauzi, dan Hasan Basri
Penyunting : Alfina Hidayati
Ilustrator : Nurkhaedori
Desain Sampul : Hafid Dotuz Zakia
Layout : Alfina Hidayati
Hafid Dotuz Zakia
Element Sampul : <http://tourbanyuwangi.com>
<https://www.tripadvisor.co.id/>
<https://id.m.wikipedia.org/>
<https://www.pngfind.com/>
<https://www.dara.co.id/>

Diterbitkan pertama kali oleh :
Pemerintah Kabupaten Banyuwangi
Cetakan ke-1 : Juli 2002



Diterbitkan dalam bentuk e-book oleh:
**Dinas Perpustakaan dan Kearsipan
Kabupaten Banyuwangi**
Jalan Jaksa Agung Suprpto No. 43, Penganjuran,
Kec. Banyuwangi, Kab. Banyuwangi, Prov. Jawa Timur
Tahun 2022

Dinas Perpustakaan dan Kearsipan Kabupaten Banyuwangi
Katalog Dalam Terbitan (KDT)

Hasnan Singodimayan

Dongeng Wong Banyuwangi / Hasnan Singodimayan [et. al.],
penyunting, Alfina Hidayati -- Banyuwangi : Dinas Perpustakaan
dan Kearsipan Kabupaten Banyuwangi, 2022.
vi, 89 hlm.; 21 cm.

eISBN : 978-623--95161-6-1 (PDF)

1. Dongeng -- Banyuwangi

I. Judul II. Andang C.Y III. Abdullah Fauzi

IV. Hasan Basri V. Alfina Hidayati

DDC' 23 : 398.209 598 288 2



Daftar Isi

DAFTAR ISI	iii
UDAL-UDAL	vi
BANTERANG SURATI	1
ASAL-USULE WATU DHODHOL	5
BANTHENG UCUL	13
HAK-HAK PENG	23
JAKA BUNDHU I	28
JAKA BUNDHU II	33
ANANG LAN PUTUNE	39
KIK EDHOR	44
KUNTUL LAN BERGUL	52
MUNTHUNG LAN RUNTEN	58
PANJI GIMAWANG	66
PITIK CEMENG	74
SRITANJUNG	81
SUMBER UMBUL	85

Kata Pengantar

Koleksi lokal sangatlah penting bagi kekhasan intelektual suatu daerah. Selain pengetahuan secara umum, pengetahuan lokal akan menjadikan karakter bagi masyarakat Banyuwangi. Pengetahuan lokal merupakan kekayaan yang harus dijaga agar tidak lenyap tergerus oleh arus informasi pengetahuan modern. Sehingga, segala informasi yang dimiliki dari kekayaan lokal harus tetap dilestarikan dan abadikan dengan berbagai cara dan media. Salah satu wujud nyata adalah lahirnya tulisan-tulisan yang mengusung kekayaan Banyuwangi ataupun tulisan yang dihasilkan oleh orang asli Banyuwangi.


Dinas Perpustakaan dan Kearsipan Kabupaten Banyuwangi sangat mengapresiasi akan pelestarian kearifan dan pengetahuan lokal Kabupaten Banyuwangi. Seiring dengan munculnya berbagai tulisan tentang pengetahuan lokal, Kami sangat mendukung dan berupaya memfasilitasi karya-karya tersebut agar sampai terbit menjadi sebuah buku. Penerbitan Buku Kekhasan Lokal Banyuwangi (Pusaka Banyuwangi) merupakan salah satu inovasi Dinas Perpustakaan dan Kearsipan Kabupaten Banyuwangi pada tahun 2022. Inovasi Pusaka Banyuwangi akan menjadi wadah untuk penerbitan sebuah karya (buku) dalam bentuk elektronik.

Momen ini merupakan kelanjutan dari harapan Kabupaten Banyuwangi dalam meningkatkan literasi masyarakatnya. Maka dari itu, Pemerintah Kabupaten Banyuwangi melalui Dinas Perpustakaan dan Kearsipan Kabupaten Banyuwangi yang memiliki peran sebagai pelestari khazanah budaya daerah memberikan dukungan penuh kepada masyarakat Banyuwangi dalam bentuk penerbitan gratis dari

karya tulisan yang dihasilkan sebagai bentuk sumbangsih pelestarian pengetahuan lokal dan peningkatan kapasitas Sumber Daya Manusia Masyarakat Banyuwangi.

Dengan terbitnya buku digital kekhasan lokal Banyuwangi yang berjudul “Dongenge Wong Banyuwangi” diharapkan dapat menjadi sumber informasi dan pengetahuan lokal bagi seluruh masyarakat Banyuwangi. Buku ini mengandung banyak pesan moral dalam bungkus kesusastraan Osing yang dapat dijadikan sebagai salah satu bentuk pengetahuan lokal yang ditransformasikan menjadi buku digital sehingga dapat dimanfaatkan oleh masyarakat, khususnya masyarakat Banyuwangi secara mudah dan fleksibel.

Kami menyampaikan ucapan terima kasih kepada seluruh pihak yang telah membantu dalam proses penerbitan buku digital “Dongenge Wong Banyuwangi” ini.



Kepala Dinas Perpustakaan dan Kearsipan
Kabupaten Banyuwangi

Drs. ZEN KOSTOLANI, M.Si

UDAL-UDAL

Muji sukur nyang Gusti Allah kang Maha Welas Asih hang nguweni ilmu sampek buku dongeng iki bisa cemepak nong para dulur utamane para siswa. Banyuwangi, bengen arane Blambangan, manggone nong telatah Jawa bucu wetan. Seru sugihe kang aran dongeng utawa cerita. Sasat angger desa iku ana dongengane, kang kadhang-kadhang meh dianggep kaya temenan. Perkara ndongeng, wong Banyuwangi sakat bengen ahline. Bengen, anang utawa adon, bapak utawa emak, sambing eloni putune utawa anake, iku adate ndongeng sulung.

Sedurunge ndongeng, putune utawa anake iki mau dikongkon ngidek-idek sulung, mari, upahe upah dongeng. Nong langgar ya gedigu. Mari alip-alipan, nderes, kadhung wis emeh isak, sakuwise pak guru wiridan, mangkat ndongeng. Lare-lare gemerudug Ingguh mubeng mencongok ngerungokaken. Mulane lare bengen iku sugih dongengan. Dongenge desane, dongenge asal-usule arane panggonan, dongenge kewan, dongenge cuba sampik dongenge para pahlawan lan para nabi.

Dongeng, ana kang ngarani dudu-dudu keneng. Sing paran-paran. Masiya gedigu, dongeng keneng diundhuh sarine. Ana pathine kang keneng dienggo ipat-ipat diular-ular nyang wong liya lan mbisuk nyang anak putu. Ahire, muga-muga buku iki ana manpaate. Nawi ana lupute, njaluk sepura kang gedhe.

Hang ngumpulaken dongeng

BANTERANG SURATI

Mula sakat bengen kerajaan ring Bali ambi kerajaan Blambangan iku sing tau rukun. Gawene perang, rebutan telatah Nusa Lembangan lan Semenanjung Purwa. Raden Banterang, turunane raja Blambangan putune Pangeran Dedali Putih ngelurug Kerajaan Kelungkung kang diubengi ambi kerajaan Gianyar lan Karangasem. Serehne Kerajaan Kelungkung hing gelem rukun ambi kerajaan-kerajaan saubenge lan raja Kelungkung kang arane I Gusti Agung Kusamba iku wis tuwek, mula laskar Blambangan gampang ulihe nyerang lan mesti menange. Gusti Agung Kusamba tiwas. Tapi Blambangan kang nggawa kemenangan sing bisa nguwasani kerajaan Kelungkung. Sebab I Gusti Agung Rake, putra mahkota kerajaan Kelungkung sing gelem takluk lan milih ngelawan kelawan gerilya melebur alas sak bala naraprajane.

Balik mulihe, laskar Blambangan kang nggawa kemenangan, liwat Alas Benoa, lan ring kana pasukane Raden Banterang kecaruk putri Kelungkung kang aran Gusti Ayu Surati kang ayune memper Dewi Widari. Raden Banterang kesengsem. Serta ditari gelem, Gusti Ayu Surati sak dhayange diboyong nong kerajaan Blambangan didadekaken permaisuri. Kawine diramekaken tontonan pitung dina pitung bengi kelawan kesenian-kesenian Blambangan sak wernane lan kesenian teka Jembarwana utamane kesenian adu barong.

Raden Banterang, raja enom Blambangan iki dhemenane melebu alas, ason-ason golek kewan alas ring Alas Purwa. Lan biyasahe kadhung wis melebu alas sampik pirang-pirang dina lan bengi. Kadhang-kadhang nginep sampik telung minggu lebih. Kadhung wis ditinggal melebu alas, Gusti Ayu Surati kang setiya lan tuhu iki mesthi nganteni lan sing lali njaluk nong Kang Maha Kuwasa

supaya Raden Banterang diparingi selamat sing nemu alangan paran-paran lan gelis mulih nggawa rejeki. Kocapa, Gusti Agung Rake, kakange Gusti Ayu Surati kelawan sesidheman lan sengidan nyelindhut melebu kerajaan Blambangan nyamar dadi pendhita peramu kang gawene aweh tamba nong wong-wong Blambangan kang nandang lara. Ambi nambani wong-wong kang padha mbutuhaken. Gusti Agung Rake bisa sakkarepe niteni kabeh kang ana ring saknjerone keraton Blambangan.

Uga dititeni kapan Raden Banterang melebu alas lan wayah endi putri Gusti Ayu Surati lungguh dhewekan ring keputren. Dhonge Raden Banterang melebu alas ason-ason lan Gusti Ayu Surati kang ana ring keputren lungguh dhewekan, Gusti Agung Rake kang nyamar dadi pendhita peramu mau nemoni adhike, Gusti Ayu Surati ring keputren Candhi Gadhing. Gusti Ayu Surati kaget, sebab sing ngira gok kakange kang wis dikira mati iku magih ana umure, lan saiki ngadeg ring ngarepe. Girange gok ketemu ambi kakange iku sing bisa disengidakaken. Seje ambi karepe Gusti Agung Rake. Teka nong Blambangan iku mong niat arep mbales patine bapake, yaiku Gusti Agung Kusamba. Utang pati kudu dibayar pati. Iku tekade Gusti Agung Rake, kang kepingin mateni Raden Banterang.

Gusti Ayu Surati kaget. wis kadhung dadi rabine Raden Banterang kang tuhu lan setiya. Mula dijelasaken gok setemene kang mateni bapake iku dudu Raden Banterang, tapi satriya Blambangan liyane kang sing tau weruh raja Klungkung. I Gusti Agung Rake rupane tetep kukuh hing perduli kelandi rasane atine adhike. Iyane tetep arep mateni Raden Banterang. Penjaluke Gusti Ayu Surati, adhike, supaya Raden Banterang mulih bain nong Kelungkung mbangun kerajaan lan dadi raja nong Kelungkung, hing dirungokaken.

Kelawan nggawa ati bangkel nong adhike, Gusti Agung Rake melebu alas nggoleki Raden Banterang lan rombonganane.



Baterang – Surati

Gancange cerita, serta kacaruk ambi Raden Banterang lan rombonganane, Gusti Agung Rake kang magih nyamar nganggo kelambi pendhita kang pating celomprong kabeh, gawe petenah gok Gusti Ayu Surati wis sekongkelan ambi kakange kang aran Gusti Agung Rake perlu arep mateni Raden Banterang. Kabeh mau keneng di buktekaken kelawan anane udheng lan keris kang sing ana werangkane ning ngisore peturone Gusti Ayu Surati ring keputren. Tanpa dipikir dawa maning, Raden Banterang gancang-gancang jengkelak balik mulih nyatakaken omonge pendhita gadhungan mau. Serta wis gadug keputren, nyatane pancen ana udheng lan keris tanpa werangka ring ngisore peturon, kang setemene neja dipasang ambi Gusti Agung Rake. Raden Banterang sing kathik takon maning, terus bain Gusti Ayu Surati diampret lan diered ning pinggire Telaga Luh Kanti ring pinggire Candhi Gadhing arep dipateni.

Gusti Ayu Surati hing bisa ngomong sangking kagete. Iyane ngarti kadhung kedadean iki sumbere teka kakange dhewek. Gusti Ayu Surati sambat melas asih, lan sedurunge dipateni wekas, "Kadhung getihisun kang mili nong Telaga Luh Kanti ambune amis, tandhane isun pancen salah lan nanggung dosa. Tapi kadhung ambune getihisun iku wangi, tandhane gok isun sing salah lan dosa." Mari wekas, Gusti Ayu Surati masrahaken awake nong Raden Banterang kang magih mepeng sing karuan. Keris disudukaken, ditampa kelawan lila ambi Gusti Ayu Surati. Getih mili ambune wangi. Wangi lan arume getih, mili terus tansaya semebrung ring Telaga Candi Gadhing Tirta Arum. Raden Banterang ngadeg njenggeleg getun kepati-pati. Seteruse kelawan ati bingung sing karuan, Raden Banterang nangis gaur-gaur nangisi Gusti Ayu Surati kang wis mati lan nyata-nyata sing duwe salah lan dosa.

Raden Banterang getun keduhung merana-merene kang digetune mung rabine, lan lakune dhewek kang sing kathik mikir dawa langsung nudhuh kang wadon. Raden Banterang bolak-balik ngucap, "Banyuwangi! Banyuwangi! Banyuwangi!" Ahire sampik saiki ucapane Raden Banterang iku dienggo aran kutha Banyuwangi.

Hasnan Singodimayan

ASAL-USULE WATU DHODHOL

Kanggo keperlune VOC, Residen Schophoff ulih perintah teka atasane supaya ring Banyuwangi dibangun lurung hang keneng diliwati kendharaan sampek gadug nong Surabaya. Mula Residen Schophoff perintah nong Bupati Mas Alit supaya ngurak-urak rakyat ngersaya. Penjaluk iku dituruti. Rakyat Banyuwangi, tuwek enom, lanang wadon padha gemerudug ngersaya nggawe lurung sakat teka kulone pendhapa ngaloraken.

Ngersaya iku sampik ulan-ulan. Aja takon pira korbane. Rakyat Banyuwangi nalika iku rumangsa dipateni nganggo cara liya. Arep sing mati kelendi? Megawe ngeraina bengi sing kathik dibayar. Aran mayid keleleran sak dalan-dalan. Korban isun akeh, nalika kudu ndhodhol gunung watu pinggir segara. Mas Alit, bupati Banyuwangi kala iku susah sing kaitungan. Iyane sing gelem rakyat dadi korban tanpa aji. Mula, ngersaya diendhegaken ambi Mas Alit. Sedheng VOC hang bisane mong merintah, weruh ngersaya diendhegaken, jimprak-jimprak muring sing karuan. Lurung kudu gancang mari. Naming balane dhewek sing diperintah milu ngersaya. VOC mula menange dhewek. Sebalike, Mas Alit kukuh nong karepe. "Ngersaya kudu diendhegaken. Rakyat isun wis akeh kang mati. Sedheng Welanda enak-enak malangkerik ambi tudang-tuding. Sing bisa. Ngersaya. kudu mogok!" jare Mas Alit tegas nyang Residen Schophoff.

Residen Schophoff sing wani nalar nyang Mas Alit, merga ana resolusi teka Gubernur Jendral Van der Parra hang ana ring Batavia tanggal 7 Desember 1773. kang isine sakliyan. ngangkat Mas Alit dadi bupati uga

perintah supaya nguwah cara carane merentah rakyat teka cara kasar nong cara ngakrabi rakyat. Pungkasane, Mas Alit lan Residen Schophoff sepakat nganakaken sayembara sapa-sapa wong kang sagah ndhodhol gunung watu. arep ulih upah tanah hang werane sakat teka gunung watu iku ngidul sampek Sukowidi saiki.

Sayembara iku dibukak sampek ulan-ulanang hing ana kang sanggup ngeleboni. Emane Mas Alit enget nyang wong kang aran Ki Martajaya. Ki Martajaya asale teka Lumajang. Sedurunge. Ki Martajaya ngabdi dadi juru ramut jaran nong Mas Alit. Kerana uwonge sakti lan pinter ilmu agama. Ki Martajaya diangkat dadi jaksa agama. Mulane Ki Martajaya ahire kejulukan Ki Buyut Jaksa. Saiki Ki Buyut Jaksa urip nyepi nong Gunung Silangu, ndhompleng ring pondhoke Kik Lemani kang duwe anak aran Nuriman. Nuriman diempet anak ambi Ki Buyut Jaksa.

Mas Alit perintah nong Singa Taruna, Singa Madya lan Singa Dilaga supaya ngadhèp nong Ki Buyut Jaksa. Sing kathik engko maning, wong telu iku gancang-gancang nyandhak jaran, lan nunggang jaran ngetepeng ngulonaken. Alas wingit sing dadi alangan. Sekabehe hang urip nong alas padha minggir sing wani nyeriwedi pelayune jaran. Serta gadung nong Gunung Silangu, wong telu mau kecaruk Kik Lemani lan Nuriman ring pinggir kalen. "Assalamualaikum!" para Singa uluk salam meh barengan. Kik Lemani kang buru ngedhunaken cingkek teka pundhake lan Nuriman kang buru nadhahi banyu gerojogan nganggo telemung, sing gancang-gancang semaur. Merga rumangsa sing tau kenal. Naming Kik Lemani sing duwe rasa kuwatir.

"Kadhung wong arep nyalah-nyalah masa ngerti uluk salam?"

jare Kik Lemani nong Nuriman.

"Walaikum salam!"

semaure Kik Lemani ambi marek
nong para Singa hang magih nong ndhuwure jaran iku.
Rika ketelon iki sapa, lan arep nyang endi?"
Kik Lemani takon.

Para Singa mudhun teka boyoke jaran. "Isun ketelon iki utusan teka kabupaten. Diutus nggoleti Ki Buyut Martajaya utawa Ki Buyut Jaksa. Jare Kanjeng Mas Alit, uwonge milih nyingkrih ring Gunung Silangu kene. Nawi rika weruh panggonane nyepi, njaluk tulung duduhan.

"Yeh....gedigu. Ya ayo tututana isun. Nuriman! Thulik.
ayo mulih!"

"Iya, Pak," saute ambi gupuh manggul telemung isi banyu.
Sing antara suwe, para Singa ambi nuntun jarane dhewek-dhewek
ngetutaken Kik Lemani lan Nuriman.

Sunare serngenge kenceng tebluk nong mbunbunan. Emane alas ring pinggire Gunung Silangu iku akeh uwit gedhe hang gembel godhonge. Dadi, raina iku tetep kerasa icis. Dalan munggah mudhun dilakoni sampek gadug nong pondhoke Kik Lemani ring isore uwit weringin. Ampik-ampik lan atepe digawe teka godhong lalang hang dijepit wilahan jajang. Latara rada wera lan iyub merga empang-empange weringin padha temiyung endhep. "Iku gubugisun. Ki Buyut Jaksa ana ring njero. Anakisun Nuriman iki diempet anak," jare Kik Lemani. Kira-kira Ki Buyut Jaksa rungu nong geremeng-geremenge wong papat ring njaba gubug.

Mulane iyane aju metu. Serta buru gadug nong lawang. "Eh, Rika." Para Singa mau nyaut meh bebarengan, "Enggih, Ki." Wong papat iku aju salaman lan setengah meluk. Mari gedigu Singa Madya, Singa Dilaga lan Singa Teruna lungguh nong jodhog rada dhuwur ring isore uwit randhu hang merujuk ring bucu gubug. Ki Buyut Jaksa uga lungguh nong jodhog, tapi hang ring arepe gubug. Wong papat gesah ambi diselani unyik lan guyu. "Isun mula hing cocog kadhung dikongkon ketemu wong wong rambut bajang iku. Paran maning dikongkon megawe bareng. aju dikongkon ngelayani kaya dene jongos nyang juragan.

"jare Ki Buyut Jaksa.

"Kepundi nggih? Kula meriki niki, mung ngelampahi perintah.

Nawi Ki Buyut mboten purun, nggih kados pundi ulihe kula ngomong teng Ndara Kanjeng Mas Alit?" jare Singa Madya.

"Gedigi bain wis. Isun njaluk sepura.

Gadugena salam isun nong Ndara Kanjeng Mas Alit. Bakti nisun magih kaya dene ombak ring segara. Naming aran ati magih kathet-kathet nong wong-wong VOC. Mergane isun lan rika lan kabeh dulur Banyuwangi magih duwe aji. Serta wis gesah suwe ambi ngethepi sawi godhogan, para Singa rumangsa sing bisa ngemban perintah. Kedadean iku sing cukup sepisan pindho. Pungkasane pungkas, Ki Buyut Jaksa gelem nerima penjaluke Ndara Kanjeng Mas Alit. Naming kelawan sarat wong-wong VOC uga kudu milu ngersaya, lan hang mimpin ngersaya iku kudu anak angkate dhewek, yaiku Nuriman kang magih sewelas taun umure. Ndara Kanjeng lan

VOC nerima sarat iku. Naming Nuriman nampik, merga rumangsa sing anjrah, lare cilik merentang wong-wong kang lebih tuwek umure.



"Nuriman, sira aja cilik ati.

Menungsa urip iku kang penting pengucap.

Masiya tuwek umure, naming elek tata keramane,
ya sing keneng dianut."

"Aju napa kang kula lampahi?"

"Isun kang njangkungi. Sira aja wedi."

Kelawan ati mantep, Nuriman nerima paran kang dikarepaken Ki Buyut Jaksa. Nuriman hang maune diajak gesah nong njero langgar pinggir kalen cilik, aju melaku nong gubuge dhewek. Langgar pinggir kalen iku digawe teka tumpukan watu tanpa dicampur luluh. Atepe digawe teka lalang. Semgenge lingsir, kesilep ring walike gunung kulon. Suwarane cenggeret lan sekabehane kewan alas saut-sautan. Ki Buyut Jaksa lungguh silah dhewek ring tengah langgar, tanpa ana urube damar. Sing antara suwe, mara-mara ana suwara angin gemerosok keliwat-liwat.

Naming sekabehe uwit-uwitan sing ana kang rubuh. Gemerosok suwara mau temakaken abane angin kang ngeteraken rombongan dhemit ampyak-ampyakan teka elor Gunung Silangu. Rombongan dhemit iku ana kang tukang mikul rajane. Jare. serange gedhene raja dhemit iku, endhase iku kaya barong lan awake dawa kaya lumpang. Rombongan dhemit iku mula ewonan akehe padha nganteni ring njaba langgar.

"E.e...gonjleng, gonjleng, gonjleng..
langit sun sundhul, mega sun semprong lan segara sun uyup.
Ana paran rika nekakaken isun?" jare rajane dhemit.
"Wangsa lelembut, lebu ring delamakanisun,
bumi ring ketheman isun.
Mula nyeja suntekakaken sira,
supaya gelem ngerewangi ndhodhol gunung watu
pinggir segara ring enggon sira urip."
"Isun gelem ngerewangi. Naming ana telung sarat
hang kudu rika turuti.

Kawitan, aja ndhodhol lebih teka anjir kang sunpathekaken. Kapindho, isun gawekena panggonan lungguh ring wetane dhodholan hang parek ambi segara. Lan kaping telu, rika lan turunan rika kudu gelem sambang-sambang isun."Telung sarat kang rika jaluk sunturuti," jare Ki Buyut Jaksa. "Isun njaluk tulung rika uga ngurak sekabehe perajurit rika supaya milu ngerewangi. Kang mimpin pendhodholan engko, Anak isun aran Nuriman, umure buru sewelas taun. "Kadhung gedigu, anakrika kudu nggawa kayu iki," jare raja dhemit ambi ngelungaken kayu gedhene sak lengene lare cilik, dawane mung rong kilan.

Gesah antarane menungsa lan dhemit iku sampek tengah wengi. Rombongan dhemit mulih ninggalaken Gunung Silangu kaya mercon celorotan padha melesat ngalor. Dina kang dijanjekaken wis teka. Para utusan Ndara Kanjeng Mas Alit padha nyusul Ki Buyut Jaksa. Serta para utusan mau gadug nong Gunung Silangu, Ki Buyut Jaksa, Kik Lemani lan Nuriman mapag kaya dene nampa dhayoh. Serta mari gesah ngalor ngidul, para utusan mau nggiring Nuriman hang ngempit kayu kanggo mimpin ngersaya. Nuriman diiring nong pendhapa aju rame-rame melaku ngalor, mudhun jurang, ngerobyok kalen sampek gadug nong Gunung Watu. Ki Buyut Jaksa mung njangkungi teka Gunung Silangu. Naming suwarane bisa mbisiki nong Nuriman.

"Nuriman, goletana sulung anjir wetan lan kulon. Gunung Watu hang ring antarane rong anjir iku hang keneng didhodhol. Ring wetane anjir wetan, umanana segundhug watu kanggo tetenger," bisike suwarane Ki Buyut Jaksa sing njelasaken gok segundhug watu hang dikarepaken ring pinggir segara iku mula penjaluke raja dhemit kanggo pelungguhane. Ngersaya dikawiti Ndara Kanjeng Mas Alit, diterusaken Residen Schophoff lan seteruse ngersaya rame-rame antarane rakyat Banyuwangi lan wong-wong

VOC. Sekala iku, para dhemit milu nulungi, naming sing ngewujud nong alam menungsa. Kadhung bengi para dhemit mau wujud macan. Emeh telung candra, ngersaya ndhodhol Gunung Watu buru bisa dimarekaken. Dalan teka kidul gunung wis bisa nembus watu lan nyambung ambi dalan elor gunung. Kabeh padha lega lan girang, penggawean wis rampung. Segundhug watu ring pinggir segara kang setemene panggonan lungguh raja dhemit iku saiki kejulukan Watu Dhodhol. Gunung Silangu panggonane Ki Buyut Jaksa nyepi saiki dadi kampung Boyolangu.

Kanggo mbayar janji kang wis kaucap Ki Buyut Jaksa nong raja dhemit, sampek saiki saben tanggal sepuluh sawal, masarakat Boyolangu ampyak-ampyakan nong Watu Dhodhol ambi numpak dhongkar. Embuh ngerti embuh using kadhung puter kayun nyang Watu Dhodhol iku bengen dikarepaken enggo nyambang raja dhemit kaya kang wis dadi janjine Ki Buyut Jaksa. Ki Buyut Jaksa kuburane nong Boyolangu. Umah panggone utusane Mas Alit kaya Singa Madya, saiki dadi kampung Singamayan. Singa Teruna dadi Singotruman, lan Singa Dilaga dadi kampung Singodilagan.

Abdullah Fauzi

3

BANTHENG UCUL

Bengen jare ring perengane Gunung Raung kana ana keraton gedhe. Rajane adil lan jujur. Gelem mikiraken nyang nasibe wong cilik. Mulane diwelasi lan dihormati rakyat. Sing ana maling sing ana rampog. Kabeh rakyat bisa mangan bisa nyandhang. Urip rukun lan tentrem. Raja iki mau duwe anak wadon ayu kaya widodari. Wis akeh kang ngunggah-unggahi. Naming sang putri durung ajat laki. Bapake, sang raja sampek bingung mikiraken. Bapake seru welase nyang anake iku. Pokoke kadhung sang putri iku gelem laki, sang raja arep repot gedhen-gedhen pitung dina pitung bengi. Kabeh tontonane rakyat arep ditanggap. Uga arep selamatan gedhe kang kabeh rakyat bisa milu ngerasakaken olah-olahane keraton.

Karepe raja iki wis umum diweruhi rakyat. Mulane kabeh rakyat ngarep-arep gancang-gancang sang putri ajat laki. Mengko yara negara gemebayar rame. Sak kabehe macem tontonan ana, lan kabeh rakyat girang ngerasakaken enake olah-olahane keraton. Ahire wayah kang diarep-arep kabeh rakyat mau teka. Sang putri nemu jodho pangeran teka manca negara. Kabeh rakyat girang rungu kabar iku. Dadi omongan ring endi-endi. Ring banyu, ring pasar, ring sawah, ring gerdhu. Angger ana wong kumpul-kumpul gesah kang diomongaken sing ana maning liyane perkara pengantene anake rajane. Rakyat megawene tambah patheng. Ngelumpukaken picis nggo cawis ndeleng tontonan. Ngelumpukaken beras nggo cukup pitung dina, makne mbisuk wayahe rame-rame sing kathik ubret megawe. Paran maning wong wadon. Ring banyu, ring pasar sing mari-mari kadhung nggesahaken putrine raja. Kabeh pating ubret cawis-cawis kelambi anyar enggo ndeleng tontonan.

Ring keraton ya ubret pisan. Kabeh punggawa keraton sing ana kang nganggur. Ana kang tukang ngurusi ragi, ana kang tukang ngurusi beras, tukang ngurusi belehan, ana kang tukang ngurusi pajangan, ana kang ngurusi tontonan, kang ngurusi teratag lan liya-liyane. Persasat ring njerone keraton iku sing ana wong kang lungguh. Kabeh seliweran ngurus penggaweane dhewek-dhewek. Kang tukang ngurus pajangan, merintahaken nyang kabeh warga supaya masang umbul-umbul ring ngarepe umah, perapatan lan ring dalan. Mulane, sedhilut bain sak dawane dalan, sak anane latar rame dipasang umbul-umbul lan bendera.

Kang ngurusi ragi, ngersayakaken atusan wong nyang alas nggolek para pendhem lan para bungkil. Sakanane ragi ring alas kabeh dijuwut. Alas dibelengkrahi, sing ana kang luput. Ragi kang sing ditemokaken ring alas, ditekokaken teka manca negara. Mula ring pawon mburine keraton ngundhung sak gunung ragi keperluan pawon. Bida maning kang ngurusi tontonan. Iki kang ubretan pisan. Kabeh keseniane rakyat ditanggap. Dhasar wong Belambangan, sing diundang ya teka dhewek warah nyang punggawa-keraton. Kepengin tampil nduduhaken kreasine, masiya sing diupahi ya gelem. Sukur uwenana jaminan bain, sedina sewengi tabuhan lan jugedan betah. Mula kang aran gandrung, kang aran jaranan, barong, janger, macaan, umar maya, kuntulan, tabuhan caruk, patrol, lan liyan-liyane, tumplek bleg ring alun-alun keraton.

Alun-alun kang biyasahe tawang, saiki genjot lan teratag mubeng ngebeki alun-alun. Lare cilik pating girang pelayonan ambi ndelengi siji-siji kesenian iki mau. Ana kang adak nyacak tabuh-tabuh, aju digemprak ambi kang duwe. Lare cilik iki mau aju melayu ambi sundhung-sundhungan nyang kancane. Kang durung ana kabare iki kang bagian urusan belehan. Sakat

rombongane melebu nyang alas telung dina sore sampek saiki hing ana kabare. Kabeh pating ngomongaken rombongan iki. Apuwa kok sing teka-teka. Aju kelendi kadhung wis wayahe dhonge rame, iwake magih durung ana. Yara sing ana gawene. Endhane repot petung dina petung bengi suguhane iwak segara? Aju kelendi jare dhayoh manca negara. Lan maning rakyat kang suwe nganten-nganteni dina kang diarep-arep iki yara campak. Kadhung perkara madhang iwak lemuru, teri, pethek ra wis saben dina. Kang diarep-arep yara madhang olah-olahane keraton iwak menjangan utawa kidang utawa bantheng.

Kabeh bingung, tapi kang paling bingung ya Raja. Raja ya wis ngongkon salah sijine perajurit makne nyusul nyang alas. Aja cacak ana kabar, perajurit iki mau malah sing ana mulih. Raja saya bingung. Ana paran sih setemene ring alas iki. Dina wis parek. Pawon wis rame. Wong wadon-wadon wis pating iris-iris ragi, gerus-gerus. Naming ya gedigu, iwake durung ana. Mula sak pawon iku kabeh ngomongaken rombongan kang nyang alas kang sing teka-teka iku.

Tepak bingung-bingunge iku mau mara-mara ana utusan teka alas. Raja langsung bain mapag utusan iki mau, nakokaken ana paren setemene. Utusan iku mau cerita nyang raja ga ring alas kana geger. Yaiku para perajurit kang tugas nyang alas iku digudha ambi salah sijine bantheng kang sing makan dibeleh. Kadhung kang liyan-liyane, mari kecekel dibacangi jak akehan aju dibeleh, mari wis. Bantheng kang siji iki bida ambi liyane. Sakat buru kecandhake, bantheng iki wis aneh. Kadhung bantheng liyane iku dicekel melayu keparad mberejag, bantheng kang iki using. Dicekel meneng thok bain. Kaya sing wedi nyang uwong. Dheweke kaya nduweni daya kadhung sanggup ngadhepi menungsa. Dicekel iku matane mencorong abang ambi mandengi para perajurit kang ngerubut iyane. Para perajurit sedurunge sing

ngereken. Serta wis wayahe mbeleh, kabeh buru geger. Sebabe paran? Bantheng iki mau sing makan dibeleh. Iki ndadekaken antarane para perajurit iku mau pating sing padha karepe ngadhepi bantheng iku.

Ana kang wedi, mula jare bantheng iku mau enake di eculaken bain, timbangane nemu apes mburi-mburiane. Kang liya ngomong, kerana iki bantheng aneh, bantheng sakti, malah dak bisa aja di eculaken, tambah apik kadhung dirawati dienggo kesaktiane keraton. Suwi padu perkara iki sing nemu karep kang padha. Ahire ngirim utusan nyang Raja, kelendi keputusane Raja ngadhepi perkara bantheng siji iki. Mulane ana utusan ngadhep nyang Raja. Keputusane Raja, bantheng kang sakti iku mau dikongkon nggawa mulih bain. Perkara dibeleh utawa dirawati, mengko dirundhing maning nong keraton. Gadug alas utusan mau ngelapuraken keputusane raja nyang pimpinan perajurit. Pimpinan perajurit langsung merintahaken nyekel bantheng mau. Kaya sedurunge, bantheng mau dicekeli iku meneng bain, hing tingkah. Mong mandenge bain siji-siji perajurit kang ngerubung iyane. Serta wis mari, digawa mulih wis bantheng iku ambi perajurit kang paling jaya lan ampuh. Perajurit-perajurit liyane, jak loron-jak loron mikul sapi utawa bantheng liyane kang wis dibeleh.

Ring keraton wis ubret rungu rombongan kang teka alas arep teka. Ring alun-alun wong semembur nyang dalan kang arep diliwati rombongan. Wong-wong wadon kang ana ring pawon pating nyelehaken penggaweane, diuncalaken. Kabeh melayu nyang lurung. Pitik ting selamberan diterak wong melayu. Nyiru gemelindhing kaya rudha. Gadug lurung wis akeh wong pating jejer dhesel-dheselan nyegat rombongan teka alas. Serta rada suwe, lambat-lambat rombongan kang dianteni wis katon parek. Umbul-umbule rombongan muluk-muluk disilir angin nambah gagahe rombongan kang teka.

Wong-wong kang jejer nganteni pating dheg-dhegan sing nyandhang kepingin weruh kelendi sih jare bantheng kang sakti iku. Serta wis parek, kabeh wong kang ubret mau meneng cep serta ngawasaken bantheng kang melaku nong ngarep dhewek iku.

Banthenge gedhe, gegel, kelire cemeng semu biru kaya watu lumuten. Lan kang nggiris, matane iku. Moncorong abang lan mandengi nyang wong kang jejer nong lurung. Kaya niteni siji-siji nyang kang ndelengi iyane. Melakune edheng-edheng, jangkahe anteb. Lemah kang diidek kaya ambles. Raja wis nganteni nong emperane pendhapa. Melaku merana-merene, ambi kala-kala ndingik-ndingik nuluh nyang kadohan.

Atine wis sing serantan gancang-gancang weruh bantheng kang diubretaken iku. Buru bain mapakaken bokonge nong latare pendhapa, royak wong. Banthenge teka. Uwong pating seren-serenan sundhung-sundhungan antarane perajurit kang ngamanaken bantheng ambi warga kang kepingin parek nyang bantheng. Ndadekaken kahanan keraton kaya ana gara-gara. Banthenge dhewek ya kaya maune, sing katon wedi dikerubut wong akeh.

Gadug nong iringan kiwa pendhapa, bantheng diendhegaken. Raja marek namataken bantheng kang nong ngarepe. Wong-wong pating minggir. Tepak Raja arep ngusuk endhase, ngagetaken bantheng iku mau ngiwasaken endhase sak anter-antere. Raja kelunjuk ketebal memburi tiba lungguh. Kontan wong-wong kang ndeleng mau semembur kaya semut diketog. Para patih bingung antarane nulung raja ambi nyekeli bantheng. Kerana warga kang ndeleng tambah akeh lan royak, Raja merentahaken supaya bubar lan banthenge dikandhang bain ring mburine pendhapa. Para perajurit lan penggedhe keraton dikumpulaken enggo ngerundhingaken soal bantheng. Asile rundhingan, diputusi bantheng mau tetep dibeleh bain. Tujuanane sing liya

nggo nduduhaken agunge raja. Repot gedhe pitung dina pitung bengi, salah sijine belehane bantheng sakti. Jangkep wis niyate raja kang kepingin repote dadi agul-agule rakyat lan negara.

Sing kathik using, ajat mbeleh bantheng mau sing luput dadi umor sak negara. Para warga padha kuwatir ngantene. Wong-wong wadon ring pawon keraton ya gedigu pisan. Sing putus-putus ga nggesahaken soal bantheng. Ana kang ngomongaken matane kang mencorong abang. Ana kang nyeritakaken ga iyane ditulahi ambi banthenge. Ana kang ngomongaken raja tepak tiba lungguh. Tapi kang iki ceritane ambi bisik-bisik lan cekikikan. Pokoke kabeh wong sing ngomong liya kejaba soal bantheng. Lan kabeh pating nganteni kepingin weruh mbelehe bantheng kang di percaya sakti iku.



Kerana kang dibeleh iki dudu bantheng sembarang bantheng, lan diarep-arep ambi mbeleh bantheng sakti iku keraton tambah duwe pamor lan dadi ladhange negara. Mula kang mbeleh dipilih perajurit kang paling jaya

lan sakti. Lan mbelehe ditepakaken pas wayah tunjeg serngenge, makne para buyut ning alam kelanggengan nyakseni pisan.

Panas kemelethak wis wayahe mbeleh. Gong nong keraton ditabuh kerep. Wong-wong pating gancang-gancang nyang panggonan mbeleh ring mburine pendhapa parek pawon keraton. Sedhilut bain wong wis tublek ngubengi latar panggonan mbeleh. Gong ditabuh maning sepisan. Banthenge dietokaken teka kandhang dituntun ambi perajurit. Wong-wong padha minggir nguweni dalan lan pating mingser mundur. Kaya maune, melakune banthenge edheng-edheng anteb lan nulihi wong kang ndeleng iyane. Saiki tambah sithik-sithik lakune diendhegaken aju ndhagak mendhuwur sambu nyuwara anter. Suwarane abot lan jeru. Teka cangkeme metu kaya gilap melesat mendhuwur kaya-kaya ana kang disapa nong langit kana.

Di iring para patih, Raja metu teka umahe milu nyakseni ajatan iki. Raja lungguh ring kursi kencana nong setinggil iringane keraton. Kala-kala raja nyeluk patih merintah ika-iki enggo apike ajatan. Serta kabeh wis siap, ajatan mbeleh bantheng wis arep diangkati. Sepuluh perajurit kang jaya lan gedhe wis mangkat nyekel dhadhung. Kang tukang mbeleh uga wis nyandhing. Pedhange dawa lan gemilap putih, pertandha landhep kang keliwat-liwat. Wong-wong kang ndeleng padha mundur-mundur wedi. Serta wis teka nong dhonge, gong di tabuh sepisan engkas, bantheng di jegal nganggo dhadhung, bantheng gemelebak sambu nyuwara sak anter-antere. Wong-wong kang ndeleng kontan mundur pirang-pirangane jangkah.

Kang mbeleh mangkat nemplekaken pedhange nong gulune bantheng. Dibeleh. Suwi pedhang diosog-osogaken, naming bantheng durung tatu sithika bain. Bantheng nyuwara maning. Kang mbeleh kemeringet sida banyu durung bisa natoni bantheng. Dicacak maning mbeleh kambi sekabehe daya. Naming

aja cacak tatu, malah awake bantheng mau katon tambah ngatos-ngatosaken gemilap kaya watu keneng panas. Kabeh wong wis pating mamang lan wedi. Wangune sepuluh perajurit kang tukang nyekeli mau wis mangkat kesel, lan cekelane wis saya kendha.

Mara-mara, tepak gediku bantheng ubeg mberejag ngamuk, ucul. Aja takon, wong semembur ambi jerit-jerit nyelametaken awake dhewek-dhewek. Keraton geger. Sembarang diterak uwong. Pating gemelonthang kang cicir, gemerobog kang rubuh, gemebyur kang kecebur. Bantheng ngamuk kesetanan nerjang nuju pawon. Wong-wong wadon kang nong pawon kontan kelonjak kaget sengket, melayu kepeder sak anter-antere. Sangking kagete iku, sampik sing kerasa melayu iku ga ambi nggawa sembarang. Ana kang dikethem, ana kang dipondhong, kang diindhit, disuwun, dicangking lan entek-entek tingkah liyane. Kerana maune nong pawon, mulane kang digawa ya barang-barang kang nong pawon.

Wong-wong wadon mau sing kerasa melayune ngetanaken ambi berik-berik. Wong-wong kang semembur nong keraton mau ahire milu nututi nguber ngetanaken. Pantasane arep nulung rabiné dhewek-dhewek. Kerana melayu ambi nggawa, ya melayune mengkek-mengkek lan kesandhung-sandhung. Kesandhung-sandhung, tiba. Gawane cicir, kutah kabeh. Kawitan, kang tiba wong kang nggawa seré. Seréne kutah kabeh semembur sak dalan. Dipuputi. Serta mari dipuputi, kanggo pengenget-enget kedadian iki panggonan iki mau ahire diarane Seréan. Sing suwi rada ngetan sithik kang tiba saiki wong kang nggawa ragi. Aja takon kelendi kahanane. Ragi semembur sak wera-werane panggon. Tangisan kang muputi. Ahire kaya sedurunge, kanggo pengenget-enget kedadén iku panggonan iki mau diarane Seragi. Adoh sithik ana kang tiba maning, yaiku wong kang nggawa laos. Ya, gedigu pisan, ahire panggonan iki

mau ya diarane Pelaosan. Wong-wong mau terus kepelayon ngetanaken. Serange ga melayu sing kerasa cantuke ketebuk. Memed nggoleti canthuk. Digoleti merana-merene sing ketemu. Arep sing digoleti, kelendi ? Wong iku canthuke keraton. Wis, makne wis. Kanggo pengenget enget bain, panggonan iki mau terus diarane Cantuk. Rada ngetan sithik wong kang nyuwun kemiri ketebal tiba lungguh. Kemirine leleran sak dalan. Aja takon mari iku. Wong wong kang melayu ring mburine pating ketebal tiba lungguh pisan.

Kabeh padha meringis nyekeli bokonge. Kanggo pengenget-enget, mulane panggonan iki mau aju diarani Kemiri. Kidul rada adoh, ana wong kang nyuwun abot ambi kongos-kongos ngansur ambekan. Kancakancane ngilingaken, "Wis, selehena sulung gawane iku! Abot! Endohen! "Diendoh?", jare wong kang nyuwun iki mau. "Iya wis diendoh. Iki wis sunendoh." Diendoh. Ahire panggonan iki mau dirani Gendhoh.

Ngalor ngetan ana maning kang tiba. Tiba kemureb. Untunge sing nggawa paran-paran. Naming wong iki mau wadani kancane. Diguyu jak akehan. Iyane kemisinin. Sekaken, wis uwonge isinan, diisin-isin. Nana wis tambah isin. Ahire, ya gedigu pisan panggonane wong kang kaisinan tiba iki mau diarani Pasinan. Ngitan-ngetanaken ana wong kang nggawa kunir. Serang kesele lipruk, tiba. Kunire ceceran."Emoong, kunire ceceran! Kelendi iku wis, kunire!"Paran? Kunir? Kunire ceceran?" jare wong liyane. "Puputana kunire iku! Eman-eman!" jare liyane maning. Kunir, kunir. Aju panggonan iki mau diarani Kunir. Ngetan maning bengi wis. Enak-enak padha melaku, ana abane macan gambar-gembor.

"Paran iku, gambar-gembor iku.?"Gambar-gembor? Endi kang gambar-gembor?" Ika abane gambar-gembor." Ahire sing lali panggonan iku mau terus diarani Gambor. Polane kesel, wong-wong mau padha ngepos, lungguh

lungguhan ngadhep ngidul. Ditulih ring kidul kana ana sontore damar melik-melik. "Paran iku yoh. melik-melik iku?" "Melik-melik? Endi melik-melik?" "Ika melik-melik." Kontan panggonan iku diarani Melik.

Isuk wis, sisane wong-wong mau ana kang tetep nggoleti banthenge. Ngetanaken terus, pungkase banthenge ketemu ngembrek ana ring salah sijine gumuk. Wong-wong mau sing ana kang wani nyekel. Banthenge digenengaken bain nong gumuk iku. Bantheng mau nong gumuk iku sampek tekan patine, kang ngewujud watu kaya bantheng. Gumuk iku mau ahire kejuluk aran Gumuk Bantheng. Saiki melebu nong wilayahe desa Mangir. Persise nong kulone Warung Urang, Gontoran.

Hasan Basri




HAK-HAK PENG

Ana jare manuk puyuh sak anak rabine kang padha manggon umah-umah nyisih ana ring gowok nong Luwite bendha kang limang pelukan gedhene. Bendha iku merujuk ring tengahe alas gedhe kang keliwat-liwat wingite. Sang Puyuh sak keluwargane padha urip tentrem, ayem lan seneng, merga adoh teka bebaya. Anake papat padha pating cirak, nyicit-nyicit dilolah babuhe. Ketang magih cilik, magih, piyik seru, buru wayah wulu edom lan buru bain ditetes. Manuk puyuh iku kelebu bangsane manuk kang patheng tandang gawe. Ana ring alas iku bapak lan emake sing kathik repot nggolet pangane, sebab sembarang kebutuhane kaya wis cemawis sing adoh teka ring panggonan sisihe. Cekak cukupe : Sang Puyuh sak anak rabine keneng diarani keluwargane manuk kang padha urip seneng kecukupan lan padha nduweni rasa welas asih kang siji nyang liyane.

Nuju ring salah sijine dina, rikala wayah ngarepaken surup semgenge, enak-enak panas kemethak mara-mara teka mendhung. peteng jumpret sesawangan ring njerone alas iku. Sayang maning disusuli temebleuke udan deres keliwat sangking, angine anter mobas-mabis, geludhuge jepretan, gilape cemelotrot samber samberan. Akeh wit-witan padha rubuh, empang-empang padha pating sempal, ring isor banyu banjir. Masya Allah kaya-kaya donya wis arep kiyamat. Sang Puyuh sak anak rabine pada ndepepel ana ring gowok. Anak-anake nangis ciyet-ciyet padha ngedhimpel nong pelukane babuhe. Sing suwe pira antarane, mara-mara teka njenggelek ring lawange gowok, manuk gedhe, gulune dawa, sikile congklang. Wulune samar mong katon cemeng mulus lan medeni. Serta diwaspadakaken temenan, temune

mong Sang Bango kang gemigil kecindhilen diterak udan deres. Ambing mangseg-mangseg nangis mesesegen, Sang Bango arep njaluk tulung milu ngiyub lan milu ngampung nginep milu turu ring gowoke Sang Puyuh.



Manuk bango iku keblebu golongan manuk kang nduweni sipat sungkanan, males tandang gawe, tapi pinter nyandhiwara ngakali kancane. Malah kadhung perlu kulina maksakaken kekarepane, sing kathik mikir nong butuhe wong liya. Sambi nangis dilagoni sang Bango ngomong nyang Sang Puyuh,"Sang Puyuh aduh-aduh, Sang PuyuhTulungana awak isun, sun lesuh Kaadheman kaudanan. merguyuh Milu nguyub numpang turu, he Puyuh."

Sang Puyuh sampik mendelik sangking kagete. Tapi ring njero atine wis sing kathik heran maning. Yaiki upah-upahe wong sungkanan, wong kaboten panganan gedgedhen rempela, sampik sing kober nggawe sisih kanggo iyuban. Mulane Sang Puyuh aju agage nguweni jawaban kang isine nolak alus. Omongane ya ditembangaken, gedigi : "Sang Bango sepurane, sun jaluk Awakrika gedhe dhuwur, ak gumuk Umah cilik isi munjuk, sak umbruk Wurung turu paca mati, ketekuk!"

Kegawa rasa kesel lan ngantuk, ditambah maning keterak adhem kang sayan lintuh linu nong belung sungsum, sang Bango sing sabar maning. Malah tambah maksa nggolet papan aju lungguh sedhengkul ambi semendhe ring pojokane gowok. Sing kathik ngereken paran maning mikiraken nong susahe kang duwe umah. Wis gedigu magih kober ngomong lan kaya biyasahe digendhingaken. "Sang Puyuh semingkira, he Puyuh Gok mong ngomong kelamong sing butuh Isun turu mong sedhengkul mong lungguh Boyok lara mata ngantuk bah lumuh!" Saiki gentenan, kang gupuh ambi tangisan iku Sang Puyuh sak anak rabiné. Anake pating nyerecet ciyet-ciyet merga kepaksa minggir meped nong pinggire gowok, keseren-seren tingkahe suthange Sang Bango. Rasa aman lan tentrem kang wis suwe dirasakaken keluwarga ring gowok iku ilang musna saknalika. Saikine ganti ambi kahanan kang ngemu rasa getir lan susah ngiris-iris ati, yaiku kelakuan jahat hukum alas kang asline; "Sapa kuwat menang, sapa kang ringkih lan sing duwe daya bakal seleh."

Sang Puyuh lan sak anak rabiné mong bisa nangis. sing bisa ngelawan, merga sing duwe daya paran-paran. Kari nerima nyang karepe Sang Bango. kelawan pasrah nong takdire Pengeran Kang Maha Kuwasa. Tan kucapa, udan ring njaba sansaya tambah deres angine. sayan anter, geludhug lan

gilape saut-sautan. Sesawangan tambah peteng dhedhet mong kala-kala kemencar padhang dhonge ana cemelorote gilap.

Cipratane banyu udan wis mangkat tampes, nyiprat nyang njerone gowok. Aja takon, embuh kelendi maning kahanan lan kedadiane mahluk-mahluk kang ring jerone gowok iku, kang pating pelungker uwel-uwelan, penthalitan ngelawan rasa adhem kang keliwat-liwat. Wayah isuk dhonge serngenge wis mangkat meledhung. sunare nerobos nembus sela-selane gegodhongan alas, nggawa hawa anget lan rasa seger. Udan deres kang uni bengi kaya dikutah teka ring langit, saiki wis terang tuntas. Hang katon mong kari selengkrahane sangkrah lan belethokan kang dadi pecak pecakane mertandhani gok mari ana perahara udan gedhe.

Kahanan kang padhang rumang iku mara-mara geger kepati, dikagetaken jerit lan tangis, uwel lan celathune Sang Puyuh lanang wadon. Merga nalika padha tangi teka turul kepileng, padha kelunjuk kaget weruh anak-anake padha njekapang mati gepeng, ketindhihan Sang Bango hang semayne mong turu sedhengkul, tibane turu mbejujung. Bapake Puyuh melencat gelebesan sampik sing kathik mikir sak pira gedhene musuh, terus bain nabluk-nabluk ngelawan Sang Bango kang katone magih aras-arasen tangi. Rasa getun lan susah gedhe nggerogoti atine Sang Puyuh lanang wadon. Songgane pedhut peteng neba maning ngemuli gowok bendha ring alas wingit iku. Tangga-tanggane mong padha bisa milu ngerasakaken sekendi gedhene susah kang disangga keluwargane Sang Puyuh. Paribasan mendelik matane gerang, kabeh wong bisa nyawang, tapi sing bisa daya paran-paran.

Sang Puyuh lanang ngamuk nyang Bango sing keneng dicekeli kaya wong ndadi. Sing suwe pira aju mandheg merga seriwine kerasa sengkleh, kempis-kempis kaentekan ambekan aju nggeblag sing enget paran-paran.

Bungkasane hang ana mong suwara lambat-lambat ngumandhang nyerambah alas, jeblus gunung jeblus jurang, kang sing liya ya tangise Sang Puyuh kang kelantur-lantur ngelaik nggawa gendhing ngenes serulan ngiris-iris ati.

"Hak-hak peng Anak isun, mati gepeng Sang Bango, Basane mong turu sedhengkul Kari-kari mbejujung." Disangga ayem, Sang bango njawab ambi nembang pisan, "Sang Puyuh, wis menenga Sang Puyuh Sun siluri gelang kalung bain Sang Puyuh." Sang Puyuh sayan dadi tangise, sayan ngiris-iris ati. "Hak-hak peng Anak isun mati gepeng Sang Bango. Basane, mong turu sedhengkul Kari-kari, mbejujung. Sang Bango, Kelara-lara ulih isun nulung Kari-kari balese penthung Emong - emong, Sang Bango Masiya di siluri emas, sak gunung. Sing ngelawan eseme anak-anak isun!"

Ujare cerita, sampik saiki sang sapa bain kang ketepakan liwat ring ngisore uwite bendha gedhe ring alas wingit iku. kadhung awak nuju kawehan bisa diperungoni gendhing tangise Sang Puyuh. Tangise manuk cilik kang terpaksa nerima nasib dilaka merga kesewenang-wenangane manuk gedhe. "Hak-hak peng Anak isun mati gepeng Sang Bango Basane, mong turu sedhengkul. Kari-kari mbejujung!"

Andang C.Y.

5

JAKA BUNDHU I

Jaman bengen ring Desa Dadapan kana, ana bibik randha, duwe anak siji kang diuweni aran, Jaka Bundhu. Jaka Bundhu iku umur-umurane wis welasan tuwek. Tapi pikirane kurang ebek, magih marakon, kang artine sembarang pegawean buru dilakoni kadhung wis dikongkon. Perandane Bik Randha seru asihe nong anake. Ketang anak mong siji ondhal-andhil. Mulane ya diuja temenan, sampek dadi anak pujan kang kinasih. Sembarang penjaluke wis mesthi dilaksani. Paran maning kadhung wis kebeneran memengan bareng ambi kanca-kancane, aja sampek kesenthok sithik, kelakon dilurug, dilabrag, dicelathoni entek ngamek sak katege. Mulane masa heran kadhung Jaka Bundhu dadi lare kang kurang serawungan lan malah kejolok ngelek-ngelek budhuhe.

Saban dinane Bibik Randha pegaweane nggawe sapu kereg lan tepis penebah. Jaka Bundhu ngerencek lan tukang nggolek belarak nong kebonan. Kadhung uwis, rencek aju ditingkesi, belarak dikeroti aju digawe dadi sapu lan tepis. Bedhug subuh emak lan anak iku aju padha gancang-gancang melaku nong pasar cilik, perlu ngedol barang dagangane. Dadapan iku mula desa cilik, tur adoh teka keramean. Tata cara lan adat kang dienggo magih kolot seru. Mulane madak heran kadhung Jaka Bundhu masiya wis welasan tuwek umure, amit-amit budhuhe. Semono Jaka Bundhu wis dibakalaken ambi anake tanggane kang medhok magersari ring kebonane Haji Saleh, sugihe wong sak Dhadhapan.

Gancang cerita, nuju ring salah sijine dina, Bibik Randha, Jaka Bundhu lan bakale, padha bebarengan melaku menyang nyang ebonan, semayanan

arep ngundhuh epoh. Ring dina iku pancen wis diniyati Bibik Randha lan Jaka Bundhu sing nong pasar, mula nyeja arep seneng-seneng ambi kepingin ngajak sang bakal ngelipur ati menyang nong kebonan.

Serta kabeh wis padha nggadug ring kebonan lan padha ngundha ambekan. lungguh ring pondhok sak ngisore wite epoh. Sangking sayahe, paran maning kesilir angin, kabeh padha liyer liver emeh kebabas kesirep. Emane Bibik Randha njenggirat kaget, aju mangkat ngawiti ngomong, nguweni perintah nong Jaka Bundhu, "He. Bundhu, tangia Lik, Agage ra peneken epohe. Katone wis akeh kang kethowok dipangan codhot. Jawabe jaka bundhu ayem nggatel ati," aleh emong. Ana paran kadhung sing di kongkon sang bakal!" sang bakal ngelirik ambi mencep. " wis tah kang bundhu, agage ta wis peneken!"

Beh, masa kathik suwe maningtah. Jaka Bundhu gancang melencat. Sedhilutan mara-mara wis nggadug paglak ring pucite wite epoh. Tapi nong kana mong lungguh thenguk-thenguk ambi ayun-ayun diterak angin. Bibik Randha setengah mberak geregeten, "Ye,emas.Bundhu! Aja mong thengak-thenguk, ra Lik, agage yara undhuhana!" Jaka Bundhu enak ayem-ayeman, "Ana paran cret, kadhung sing dikongkon Sang Bakal masa arep kelakon." Bibik Randha ngarti wis, aju agage ngguthit Sang Bakal, "Beng!" Rada setengah bangkel Sang Bakal suwarane digawe rada lembeng, "Duh, Kang Bundhu, kari tambah aleman ruh. gancang ra wis, gage undhuhana."



Sanalika iku uga, kaya ketekan angin lesus kang gedhe. wite epoh mobas-mabis diurag ambi Jaka Bundhu. Uwohe padha cicir pating gedebug, hang kethowok, hang mateng, hang mbukati, hang tuwek lan kang enom malah sak pucil-pucile pisan padha gelethakan nong lemah. Bibik Randha lan Sang Bakal padha meringis-meringis, merga bathuke padha mencul ketiban epoh. Aju padha ngadeg meceger, cengeng metenggengen, sing bisa ngomong paran-paran, ngetakaken tingkah polahe Jaka Bundhu. Mari ngurag, Jaka Bendhu aju njenggelek lungguh maning nong paglak, ambi kauk-kauk lan gendhingan sakenake. Jaka Bundhu pancen rumangsa senengatine, merga bisa keturunan ngelaksani paran penjaluke sang bakal lan emake. Dikongkon menek, wis menek. Dikongkon ngundhuh, ya wis dituruti. Mulane saiki kari nganteni dikongkon mudhun. Bibik Randha ngeces-ngeces ngerasakaken lara, ambi ngusuk-usuk bathuk, bisik-bisik nong Sang Bakal, "Kang sabar bain ya Beng, pancen keseron-seron kelakuane kakangira Bundhu iku.

"Nulih mendhuwur Bibik Randha ngabragi Bundhu, suwarane mberak. "He, Bundhu! Kejolok sira ya, uwis mudhuna!"Jaka Bundhu nyauri milu mberak pisan, "Pah emong! Sing arep mudhun kadhung sing dikongkon Sang Bakal." Sepisan maning Bibik Randha ngelirik nong Sang Bakal nguweni isarat supaya agage ngabani Bundhu. Sang Bakal magih ngembung iluh ngerasakaken mencule bathuke, kepaksa ngabani setengah ngelulu,"Dhuh, adhuh Kakang Bundhu. Gancanga mudhun Kakang, isun sampik kesel nganten-anteni, ya."

Sangking gelise ulihe merongsod mudhun, sampik kaya kaya cemelorote lintang ngalih, Bundhu mara-mara wis temencog pas ana ring arepe Sang Bakal. Keloron-ioron padha pandeng pandengan ambi esem-eseman. Serta wis padha marek ngelumpukaken ulihe ngundhuh epoh. kabeh aju padha ngepos lungguh-lungguhan ambi gelintangan nong pondhok. Sing kerasa wis wayah lingsir serngengene.

Bibik Randha njenggirat tangi ambi ngomong nong Jaka Bundhu,"He, Bundhu, yara panganan epohe iku. Kecut tah manis." Jaka Bundhu nyauri, suwarane sayan aleman," Dhuh. sapa oyan, kadhung dikongkon Sang Bakal buru isun gelem niliki."Sang Bakal sing kathik nganteni isarate Bibik Randha maning, merga atine tambah gemes, ngerasakaken tingkahe Jaka Bundhu kang tambah ngetak-ethak mangan ati. "Ya wistalah Kang Bundhu, agage tawis panganan."

Masa kathik nganteni engko maning, sekala iku uga epoh dilalab sakkatege. Malah sing kathik dikenceti, paran maning diirisi. Terus bain epoh dieplok, persasat diuntal wungkul-wungkul, embuh entek pirang iji, sing keneng diitung. Acak aja ngagetaken lara weteng, sing kira mandheg ulihe untal-untal mangan epoh iku. Amba gulung koming, nguling-nguling ring tengahe lincak, gereng-gereng sambat mules ambi nyekeli wetenge.

Bibik Randa lan Sang Bakal padha bingung sing karuwan kang dicandhak. Sing bisa daya kelendi bisane nulung Jaka Bundhu. Sangsaya maning sing suwe pira Jaka Bundhu aju kepileng turu kemureb, ambi ngerintih gereng-gereng sing enget paran-paran. Tan kocapa marek iku, kabeh padha dikagetaken ambi suwara keprat-kepret cethar-cethor, yaiku abane angin lisus kang metu teka ring wetenge Jaka Bundhu. Sebagian ana epoh kang katutan kang magih wungkul-wungkul melesat ngantem genthenge pondhok. Aja takon, akeh gentheng kang padha pecah lan ndadekaken pondhok iku sampek katon tawang.

Nora wurung, kira-kira ana setengah ulan maning, serta Jaka Bundhu wis aron kadhemané, Bibik Randha buru kelakon nyeluk uwong-uwong dijaluki tulung ngersaya mbedikaken pondhok lan ngganti gentheng kang pating pecah diebom Jaka Bundhu. Iku ulih-ulihe wong kang munggah alem sampik sing mikir nong akibate.

Andang C.Y.

JAKA BUNDHU II

Ana maning babakan dongenge Jaka Bundhu kang malah lebih serem lan malangateni. Sampik kaya kaya sing ketemu nalar. kok ya ana menungsa kang keliwat-keliwat ulihe nganggo benere dhewek, merga seru wangkote lan tanpa nganggo pikiran sembarang tandang tumindhake. Tapi ya repot maido. Arep kelendi maning kadhung wis mula pancene lare kejolok seru budhuhe. Gedigi ujure cerita :

Liya dina maning, nalika ring wayah ngarepakan lingsir semngenge, Jaka Bundhu keposong-posong mulih teka ngerencek ring kebonan. Perlune mong arep kesusu madhang, merga wetenge mara-mara seneb kerasa elom lempiriten muni keroncongan. Ndilalah serta gadug umah, emake magih durung mari nong pawon. Magih bangete nggoreng tempe kang bakale dienggo iwak madhang lohor.

Sakat nong pawon isuk mau Bibik Randha disiksa ambi ambune bathang tikus kang muleng ana ring pawon. Wis digoleti merana-merene, dibelisaki nong endi-endi, ya maksa magih durung bisa ketemu. Atine dadi bangkel, merga sampik rada kasep ulihe adang lan olah-olah kanggo cawis madhang ring wayah bedhug. Amba mbesengut ngabeti ambu bacin kang sayan anter lan tambah mulek, Bibik Randha nutug-nutugaken tandang, kari mong nggoreng tempe ambi nyerondeng jagung. Eh, yara ujug-ujug mara-mara melebu si Jaka Bundhu ambi ngulet-ngulet sambat wetenge mules, merga seru elome. Bibik Randha sayan gupuh, serange bingunge sampik kepintut pintut ulihe gok kesusu ngeladeni mangan anake, ngedhuk sega ring

edhangan. iwak tempe ambi sambel ucek. Jangane bobohan magih durung tanek. uga serondeng jagunge ya magih gelang gelang ana ring bengahan.

"Wis Lik, mangana wis paran anane kono. Salahira kari kesusu, jangane iku magih buru gemulak," jare Bibik Randha nyang anake. Jaka Bundhu ambi meringis-meringis silah nong pelanca, "Weteng seneb Mak, rasane kaya lempiriten, anggone dipakani bain, nawitah dadi lan warase."

Durung sepira suwine, nawi bain buru ulih telung pulukan. Jaka Bundhu ngagetaken melekok mutah-mutah. kepres-kepres ambi tekep bacot. sing kuwat mambu bacin merga entute emake dadi siji ambi ambune bathang tikus uleng-ulengan mulek nong pawon. Dhasar lare mula kurang jangkep pikirane, sing kathik ngomong maning emake kang bangete nutugaken nggoreng serondeng jagung. agage dicandhak terus dijunjung digawa melebu nong jerumah. ambi ngomong kembang-kembang setengah nangis ambi merekes meluk emake nong peturon. "Kari sekaken rika ya Mak, wis pastine awakrika sing kathik weruh larane, ketemu mara-mara mati. Ketara mambu bacin kari uleng-ulengan gedigi. Rika bengen tau marahi isun, gok wong mati iku ambune bacin." Bibik Randha kencal-kencal ambi berak-berak "He Bundhu, isun magih urip, isun sing lara. lan isun sing mati!"

Jaka Bundhu sing kathikan ngereken omonge emake. Mong nggugu benere dhewek. Terus bain agage ningkes lan mbuntil emake ambi tapihe sampik Bibik Randha kepileng sing ngelayani paran-paran. "Iyatah wis Mak, arep kelendi maning. Kadhung rika wis tega kesusu ninggal isun. isun ya lila. Sekaken rika ya Mak, saiki rika kudu agage sun kubur. Sepurane bain ya Mak." Jaka Bundhu ngomong dhewek ambi mesesegen.

Jaka Bundhu aju gancang-gancang nggawe luwang lahat. Emake arep dikubur ring buritane umahe. Ambi juger-juger atine nelangsa. Iluhe mili deredesan nangis mangseg-mangseg mesesegen. Rumangsa lan kerasa gok arepe urip dhewekan nong alam donya iki. Serta wis mari ulihe nggawe kuburan, aju agage emake dipapakaken nong kuburan. Tapi ana kang aneh, ulihe nggawe kuburan sing padha ambi lumrahi kuburane wong-wong ika. Malah digawe kaya dene wong nggawe sumur. Mulane ya kepaksa emake dikubur ngadeg, gulu lan sirah dikatokaken ring jabane lemah. Awak sak pengisor kaurugan lemah. Rekene ya belahi, ya selamat. Merga Bibik Randha magih bisa ambekan.

Kira wayah asar, katone Jaka Bundhu buru mari ulihe tandang gawe, mulai nggawe luwang lahat sampik metek emake nong kuburan. Atine susah seru ditinggal wong hang paling dikasihi saklawase urip iku. Ambi setengah aras-arasen, iyane aju terus nutugaken nggoreng serondeng jagung hang magu-magu nong wajan. Sebagian wis nyemeng dadi areng, sebagian maning magih durung digoreng.



Buru bain medhongkrong ngogrok ambi nyekel suthil, agage aju mungkruk ambi semprong-semprong ngurubi geni. Sangking antere kadhung nyemprong, sampik kepintut-pintut. Ambune takon ambune entut. Ketambahan ambune bathang tikus mula uleng-ulengan dadi sang saya keliwat bacine. Jaka Bundhu kaget ambi tekep bacot, mangkug-mangkug arep mutah-mutah, "Alak emas, isun mati pisan. Iki ketara ambu nisun wis bacin seru gedigi. Mak, hoalah Mak, ambunisun wis bacin, Mak. Isun nututi rika Mak. Saiki isun milu mati!"

Gancange cerita, Jaka Bundhu terus agage njuwut pacul, aju juger-juger, nggawe kuburan kanggo awake dhewek, pas ana ring ngarepe kuburane emake. Serta marek mbungkus awake ambi sarunge, aju edheng-edheng melebu nong kuburan, kaya nalika ngubur emake mau. Mari iku terus ceker-ceker lemah ngurugi awake wates pundhake aju nuli nyawang emake. Tapi Bibik Randha sing kathik nuli. Sing gelem ngomong paran-paran, mong nangis mesesegen.

Atine bangkel seru ngetakaken tingkah polahe anake kang keliwat nggatel ati lan seru budhuhe. Ati lan pikirane ngelambrah ngaru-ara, sambat sing kewetu, mong mandheg nong gorokan. "Dosa paran endhane awak isun iki? Duwe salah paran munggaha tawis, sampik kesiksa kaya hang gedigi. Kurang kelendi maning isun ngajar apik nong anak isun. Wis sun welasi wis sun asih.

Anak mong siji kari sing leren-leren. ulihe gok mangan ati. Adhuh Gusti, sepuranen awak kula niki. Pinten-pinten dosa kelepatan kang kula lampahi." Iluhe Bibik Randha deredesan. Arep tingkah wis sing duwe daya paran-paran. Bisane ya mong pasrah bain nong kuwasane Gusti Allah Kang Maha Murah lan Maha Asih.

Bida maning kahanane ambi si Jaka Bundhu. Serta mari tandang, aju meneng kethip-kethip, thenguk-thenguk nuli merana-merene, ambingerasakaken seneb lan perihe wetenge merga wis sayan kerasa elome. Pipi lan jithoke kerasa gaten dicokoti rengit, lemut lan semut, sampik kerasa kaya mbendhol kabeh. Mulane sangking sing kuwate, mulai nggerundeng ngudarasa, "Gok gediguwa wong mati iku rasane sing enak yuh. Sara seru, weteng elom, awak kari lara kabeh. Adhuh Mak, kapok kula Mak," ambi nangis geruh-geruh sambat celuk-celuk emake.

Wayah dalu tengah wengi, sesawangan ring latar buritan umah iku sang saya peteng dhedhet sing katon paran-paran. Abane kewan-kewan bengi padha pating pamer suwara apik apikan uni. Ana erike jangkrik, ana gasir ngesir, unine walang disela-selani ciyet-ciyete lawa lan codhot, ambi cericite tikus. langu hang pating seliweran nyusur lemah ring kuburane emak lan anak iku, aju diegongi ring dhenguhe manuk engguk teka ring pucuke wit-witan. Masa Allah bengi iku kerasa sayan angker lan keliwat-liwat wingite. Lamat-lamat keperungu tangise Bibik Randha lan Jaka Bundhu kang ketawang-tawang ngiris-ngiris ati, tambah ndadekaken kahanan ring latar buritan sak kiwa tengene iku kaya neraka jahanam, wingit serem direngga rintih tangise mahluk kang kesiksa kubur, jare citane Wak Kiyai ika.

Ndilalah kuwasane Gusti Allah, banget-bangete kahanan sereme kaya hang gedigu, Jaka Bundhu dikagetaken suwara temeplok pas ring ngarepe bacote, disusul ambune ganda arum seger semeriwing digawa silire angin. Kirane kang temeblok mau ningali ambune mesthi jambu hang cicir digawa codhot. Terus bain aja takon ilure milir, pikirane mbayangkaken, mandanea manise, cager yara kelendi segere. "Oh alah Mak, munggaha aja mati, marek wis, sun untal malang sira mbu-mbu," Jaka Bundhu ngomong dhewek.

Sewengi jampleng wong loro iku sing kathik weruh rasane kesirep. Karo-karone mong ngerintih nangis ambi sambat ngaru ara. Ana bengi ana raina, ana susah ya ana seneng, ana peteng ya mesthi ana padhang. Gedigu uga uripe menungsa ring alam donya iki, kelebu uga nasibe Bibik Randha lan Jaka Bundhu. Sampik nggadug nong wayah rantag, wayahe wong padha mudhun langgar mari sembayang subuh, gok ya ana abane wong liwat ring ngarepe umahe.

Suwe-suwe suwara iku marek marekaken lan mara marani emak lan anak kang padha kependhem ring lemah. Sing liya maning, wong iku magersarine kebonane Haji Saleh. ya calon mertuwane Jaka Bundhu, ya bakal besane Bibik Randha kang aran Man Salamun. Nurut nong pengakune, iyane buru mari mudhun langgar arep terus keliling meriksa kebonan rawatane. Kok kaya rungu lamat-lamat suwarane tangis, terus bain digoleki, diurut-urut, tibane metu teka ring buritane umahe bakal besane. Mulane aju gancang-gancang marani arep aweh pitulungan. Serta weruh kahanan kang aneh lan malangateni gedigu, sing kathik mikir dawa maning Bibik Randha lan anake agage dientas dietokaken teka ring luwangan iku.

Miturut kabar-kabare, emak lan anak iku lebih gok setengah ulan padha kadheman. Rada ketelarak ulihe lara, merga teka ring tingkah polahe lare kang aran Jaka Bundhu. Iku kabeh perlambange wong budhuh tapi wangkot ngaku pinter, sampik sembarang kelakuan sing kathik nganggo dipikir maning.

Andang C.Y.

ANANG LAN PUTUNE

Anang lan putune iki padha dene. Alias padha baen. Anange dhemen ngosroh putune, putune dhemen nggudha nyang anange. Sing ana kang keneng dikalahaken. Anange iku dak wis mangkat nggudha putune, ana bain akale. Embuh putune diwadani, disengedaken memengane, nirok-nirokaken omongane putune lan liya-liyane. Pokoke gatel atine dak weruh putune iku meneng. Dak wis putune nangis, buru iyane lega. Aju terus ditinggal putune kang nangis kelesodan iki mau. Putune ya gedigu, dak wis teka penyakite. ana bain kang dienggo kawit ngguda anange. Kadhang gemparane anange disengedaken, anange turu diseren-seren sampik meh ketebluk teka pelanca, anange gendhingan ditirok-tirokaken lan liyan-liyane.

Masiya wis tuwek anange iku mageh jaya nyang sawah. Wis, penggaweane isuk nyang sawah. Embuh pacul-pacul, ndhangir, kadhang mong gesah bain nong sawah. Rada bedhug, mulih. Mari bedhug dak sing ana kang digawe, ya nyang sawah maning. Ana bain kang digawe. Putune, masiya diosrohi thok, naming seru dhemene nyang anange. Nyang sawah embuh nulungi ngarit, utawa mong ngancani anange bain. Gesah jak loronan ambi muyeb, siwo-siwo kucing. Dina iku, isuk-isuk, anange ngajak putune mikat manuk. Putune girang diajak.

"Naming rika aja nakalan ya Nang?" jare putune. "Nakalan paran? Paling sira kang nakal," saure anange. "Wis aja kakehen ocos, ngkana hang gancang juwuten. pelenganira." Sedhilut bain, putune wis siap berangkat. Aju jak loronan wis anang lan putu iki mau melaku sambu gesah lan muyeb. Kang dituju sing adoh, ditinggal gesah, mara-mara wis gadug panggonane. Gancang-

gancang putune nggolet panggonan kang tepak nggo pelengane. Buru dideleh pelengane, anange berak berak ngerasani ambi nguwel. "Aja ring kono! Iku panggonan isun!" jare anange. Wis, putune nggolet panggonan liya maning. Buru di deleh pelengane, anange berak-berak maning. "Aja ring kono! Iku panggonanisun!" anange mendelik.

Koncar-kancir angger putune nemu panggonan kang enak, anange ngerasani aju panggonan iku mau direbut Anange ngentah, teka serepete. Kawitan putune meneng thok bain. Pungkase, omes-omes, putune menek nyang uwet gedhe. pelengane dipasang nong ndhuwur, nong pucuk uwit. "Acake iki rasanana maning. Dak wani meneka rika Nang, makne kepelanting temeblok mesisan!" jare putune serta gadug ngisor maning. Anange hing nyauri, kelendi arep ngerebut, menek wis gayaren. Serta pelengane wis mari dipasang kabeh, aju ditinggal mulih, mengko soren diludhang. Jak loronan mulih. Dak melakune mau guyon lan muyeb, mulihe iki padha meneng-menengan, sing ana kang ngomong. Mari madhang paran, putune wadul nyang adone. Kang diwaduli kerana wis weruh nyang adate kang lanang lan putune, sing nyauri paran-paran. Malah nguwel.

"Sira iku pada dene ambi anangira. Kana nyingkriha!" putune digebros nganggo kusut. Asar, gancang-gancang anang lan putune mau melayu ngeludhang pelengane. Gadug panggonane, ambi kongos-kongos, anange ngeludhang pelengane. Siji-siji pelengane diludang. Putune ndelengi bain. Anange mbesengut. Mbesengut kerana sak mono akehe pelengan kang dipasang mau, ulihe mong siji. Manuk gelatik. Putune ambi munyik-munyik mangkat menek ngeludhang pelengane. Gadug ndhuwur, temakaken ulihe uga mong siji. Masiya mong siji naming manuke apik. Manuk merak. Wulune dawa-dawa, kelire macem-macem, gemilap. Buntute kadhung mekar

ngalahi kepete raja. Gadug ngisor, anange weruh. Jugile teka. Ulihe dhewek manuk gelatik, ulihe putune manuk merak, apik pisan. Meneng meneng nggolet akal nggo ngerebut ulihe putune.

"Endi Cul, anange kepingin weruh." jare anange ambi marek nyang putune. "Emong Nang, mengko rika empet. Kari minjur!" saure putune kang kerasa nyang karepe anange. Si anange sing kentekan akal. "Maning sapa kang dhemen nyang manukira! Masa apik manukira iku, elek. Jare sira apik?" anange ngomong ditemenan temenanaken. "Apik Nang iki, timbang ulihrika kari cilik diku. Dak ulihisun iki, delengen wulune, kelire akeh. Pokoke apik!" putune sing gelem kalah. "Yaiku sira iku budhuh. Manuk gelatik iki kang apik.

Manuk merak iku kang elek. Ana gendhingane dak sira sing percaya. Gedigi gendhinge manuk gelatik, Gelatik gelathong. Belunge mong sithik, daginge sak genthong. "Dak gendhinge manuk merak gedigi, "Merak merit, Wulune kaya belarak, daginge mong sithik. "Weruh wis sira?" jare anange terus ngakali putune. Putune sing duwe jawaban. Meneng thok. Kalah omong ambi anange. Hing duwe gendhing. Weruh putune meneng thok, manuke dioperi ambi anange. Merake dijuwut, gelatike diuwekaken nyang putune. Kerasa kalah, putune meneng bain. Gadug umah anange mau duduh-duduh nyang rabine, adone putune. Adone girang, kari apik manuke. Welune dawa, kelire apik. "Wis ulahen kang enak manuk iku.

Aja kesuwen," jare sang anang. "Sing dirawati bain manuk iki? Apik ya wulune," jare sang adon. "Using, ulahen bain. Daginge enak," saure sang anang. Adon nurut bain nyang anang. Manuk merak mau dibeleh, dibubuti, diulah sangar. Putune sing weruh. Isuk-isuk, putune mau weruh wulune manuk merak leleran ring mburitan. Terang iki wulune merak ulihe sore ika, pikire putune. Dikira yara dirawati manuk merake? Temakaken dibeleh.

Putune mepeng, karepe eman-eman. Manuk apik-apik dibeleh. Munggone yara dirawati bain. "Awas anang iku!" putune ngreka balesan nyang anange.


Serngege sak pengadek, anang lan adon berangkat nyang sawah. Anang mikul pacul, adon nyangking katrol susun papat. Putune ngiting teka kadohan. Gadug sawah, anange langsung pacul-pacul. Adon, nggolek gundha. Katrol petang susun mau ditinggal ring pondhok. Putune kang ngiting mau sengidan-sengidan melebu nyang pondhok, katrol mau dibukak, isine sega lan sangar manuk merak. Sing katik nganteni mengko maning, sega lan sangar manuk merak ditublek, dikuntek, dipangan, entek rijig limid. Anang kang pacul-pacul sakat mau mangkat elom lan ngelak. Laut, melebu nyang pondhok arep madhang ngerasakaken enake sangar manuk merak. Gadug njero pondhok, anange kaget. katrol pating gemelethak sing ana isine. Ngamuk, kang wadon diceluk. Kang wadon thingel-thingel sing weruh jawane.

"Mau wutuh, kok," jare sang adon. "Aju nyang endi sangar manuk merak mau? Isun durung ngerasakaken ya! Wis ngkana nempura maning. Isun elom. Isun kang ngindel banyu!" jare anange sambu muring-muring. "Masa ana maning, iki terang kelakuan putunika siji iku! Awas sira! Titenana!" Anang muring-muring sing putus-putus. Adon berangkat nempur, anang ngindel banyu, sambu nganteni tekane beras. Dianten-anteni kang nempur mau sing ana teka. Banyu ring kuwali sampik entek. Aju diwantoni maning ambu anange. Suwi, kang nempur sing teka-teka. Anang mau indel-indel sambu gendhingan;

"Indel-indel, wali puklung, diwantojir...rir...rir...tir...rir."

"Indel-indel, walipuklung, diwantojir...rir...rir...rir...rir."

Gedigu terus koncar-kancir ambi nganteni kang wadon. Kang nempur ring warung, adone, nempur-nempura, temakaken iyane enak njuged ngelentere nanggap juger. Njuged ambi gendhingan; "Picis sak uwang dienggo maju juger.. rer .rer...rer." "Picis sak uwang dienggo maju juger...rer...rer...rer rer."



Ring sawah, indel-indel, kang sing betah nututi kang wadon nong warung. Melaku setengah melayu ambi muring-muring turut dalan. Meh gadug warung kang dituju, sang anang lamat-lamat rungu tabuhane juger. Mandhek sedhilut, dirungok-rungokaken, sikile ubah-ubah kepingin njuged. Anang melaku maning dianteraken kesusu arep njuged. Gadug panggonan hing dinyana kang wadon wis ana ring kono. Karepe mau arep nguring-uring kang wadon, kerana ana tabuhane juger, wurung wis, ilang muringe. Bangur njuged bain. Nana ngelentere anang lan adon njuged jak loronan. Putune teka, girang milu nabuhi anang lan adone njuged. Perkara manuk merak putus wis, kerana ana tanggapan juger.

Hasan Basri

KIK EDHOR

Lawas wis kahanan kampung ring pinggir alas iku sing kaya biasahe. Sunut, kaya sing ana suwarane paran-paran. Biyasahe ring lurung ana bain wong seliweran, saiki siji bain sing ana. Biyasahe ana bain abane wong gendhingan, lawas wis sing tau rung. Bengen ring perapatan kana ana pasar cilik, saiki kari panggonane. Pejagan ring bilukan dalam ika biyasahe akeh wong gesah, guyon, uga lawas wis sepi. Semono uga ring sawah, sesawangan wong mikul pacul ring galengan, wong nyingkal lan sepinunggalane lawas wis sing tau ana. Sawah ditinggal geledhag ambi hang duwe. Suket sak pengadege uwong dhuwure.

Kaya wektu iku, isuk-isuk ring banyu. Ring banyu wadon magih ana siji loro wong mucusi utawa umbah-ubah. Naming ring banyu lanang beda wangune. Biyasahe akeh wong adus, pirang-pirangne ulan iki kang adus ring banyu lanang iku mong siji, uwonge ya iku-iku thok. Uwonge lemu, bedhis, sedina-dina seluwaran kombor lan nyelendhang sarung. Mari adus wong lemu iku mau, mentas, mulih. Gadug umah, sarapan sega rong pengaron, bakaran sawi sak bengahan, ngombene rong kendhi.

Uwong iki mula sing ana ukurane kadhung mangan. Timbang hing madhang bangur sing nyandhang, jare. Ngendi ana wong selamatan utawa kauman, nong kono mesthi ana wong lemu bedhis iku. Tanggane lan lare-lare cilik nyang iyane nyeluk Kik Edhor. Kik Edhor uwonge kang bedhis lan doyan madhang, kabeh wong weruh. Umahe Kik Edhor parek ambi banyu. Teka banyu, ngelencat ngulon, alas wis. Sedhilut, serngenge rada dhuwur Kik Edhor kang bedhis iki mau biyasahe mangu-mangu ring gerdhu. Uwonge

sungkakan megawe. Kang megawe rabine, Mak Edhor. Naming, kerana dhemen ndongeng, lare-lare cilik dhemen nyang iyane. Kaya isuk iku, lare-lare cilik dikongkon mijeti punuke, iyane ndongeng ngalor ngidul.

"Apuwa rika sing nyang alas, Kik?" salah sijine lare cilik iku mau takon. "Ngkisuk!" saure Kik Edhor cekak. "Bapakira wis mulihlah?" ganti Kik Edhor takon "Durung, Kik." saure lare cilik. Angger ditakoni nyang alas, saure Kik Edhor sing ana maning liyane ngkisuk Maksude nyang alas iku dudu nggolet kayu. Dudu nggolet kidang. Naming perang.

Perang musuh Welanda. Kerana bapak-bapake melakune nyang alas, lare-lare cilik mau ngarani perang, menyang alas. Mula kabeh wong lanang ring kampunge Kik Edhor, uga kampung-kampung liyane, kabeh maju perang. Liyane Kik Edhor, sing ana kang enak-enakan nong umah. Sampik dadi omongane uwong lan tangga-tanggane. Kabeh wong lanang maju perang, Kik Edhor dhewek using. Hale uwonge gedhe, lemu, masa sing wani perang? Gediku omongane uwong iku. Kik Edhor rungu omongan gediku iku sing rumangsa, embuh lumuh. Mak Edhor kang seru isine.

"Isun masa sing wani perang!" jare Kik Edhor nyang rabine. Wani! Sekendi kandle kulite Landa? Sekendi atose belunge Landa? Totohan jaran, jayaan kulit lan belung isun. "Kik Edhor nambahi. "Tapi apuwa rika kok sing nggelem maju perang?" Mak edhor nyauri ambi mendelik. "Isun isin Kik Edhor, wong-wong iku pating ngomongaken rika. Lanang getap, sing duwe isin. Emong mbela negara. Sampik isun isin nyang banyu, wedi kecaruk uwong!" Saiki Mak Edhor nyerecet sambu meh-meh nangis. "Dik, Mak Edhor, sepisan maning, isun masa wedi, masa abot mbela negara!" "Apuwa?" Mak Edhor mendelik. "Kang dadi pikiran isun ring alas iku mangan paran? Endhane ana sega ring kana?" Kik Edhor takon ambi sing ndayani.

"Ye, alah soal madhang? Rika iku liyane perkara nguntal, masa ana maning! Ya kelendi marine. Isun sing madhang ya elom. Isun sing kuwat Dik, dak sing madhang. Tuwas ngerepotaken kanca. Gedigi bain wis Kang. Isun sanggup ngolahaken rika panganan kang akeh nggo bontot. Pokok rika gelem perang. Cocog iku. Dak gediku rika hang gancang wis olaha kethot sak talam, jenang tape sak upih, sega golong, sambel taun, lan jenag abang.

"Kari akeh kang rika jaluk. Kik Edhor. Mak Edhor, kabeh iku ana artine. Kethot, awakipun makne methothot, atos. Jenang tape, getihisun gena anget. Sega golong, dhadhane Landa makne bolong ketunjeb tumbak isun. Jenang abang, isun makne wanen, gagah berani. Ngarti? Mbisuk mulih perang, rika sunulihaken bonele nyonya. Gelem?" Kenyabe Kik Edhor sing entek-entek. Mak Edhor sungkan nyauri.

Isuk magih adhem sar-saran. Mak Edhor wis mubeng-mubeng, nggolet keperluan Kik Edhor. Mulih, Mak Edhor membret-membret nggawa barange. Disuwun, diindhiti, dicangking. Mak Edhor tandang ring pawon, Kik Edhor cepak-cepak bekakas perang. Tumbak kang diparoti ndhuwur peturon, dikusuti, didusi banyu kembang. Keris kang nong njero lemari semono uga. Didusi banyu kembang lan dikutugi menyan.

Sambi olah-olah, Mak Edhor meneng-meneng ngawasaken lakine. Sing kerasa atine keranta-ranta. Atine welas, sedilut engkas lakine kang diwelasi iku maju perang. Temakaken lakine iku masa wedian kaya jare wong-wong iku. Masa sing gelem berjuwang. Temakaken mong abot nyang perkara panganan. Hing keneng disalahaken. Angger uwong bida-bida sipate. Kanggo Kik Edhor, timbang hing madhang bangor hing nyandhang, bangor hing perang. Ngarepaken bedhug, Mak Edhor wis pungkas olah-olah. Kethot rong pelas, sega golong rong pincuk, jenang tape sak upih,

sambel taun, jenang abang sak katrol. Kabeh dilebokaken nyang kisa. Sing lali bako lan kulit jagung nggo udud. Kabeh wis jangkep.

Usan olah-olah, Mak Edhor melebu nyang njero umah. Kik Edhor turu. Oroke anter. Edheng-edheng Mak Edhor nggugah lakine. "Kik Wis mari kabeh, tangia." Kang digugah kaget, njengkelak njegog tangi. "Tangia wis, adus aju madhanga." Kik Edhor sing ana omonge. Ambirada serendengan, nyang sumur. Ring sumur wis cempak banyu kembang pitung rupa sak ember. Kik Edhor atine neratag ngerungokaken omongane kang wadon, lan weruh banyu kembang. Adate adus sambel gendhingan, saiki using. Rasane atine kaya suwung.

Suweni nganteni kang lanang adus, Mak Edhor ngentasi pepean penganggone kang lanang kang arep dienggo perang. Selendhang abang, udheng lan kelambi cemeng. Dilepiti ambi kala-kala diambungi. Rasane ati Mak Edhor kaya hing mentala kang lanang maju perang. Atine sing kuwat kaya arep nangis. "Arep paran Mak Edhor, delengane ringkes-ringkes?" tanggane kang weruh takon. "Iki Kik Edhor arep nyang alas, nututi kanca-kancane," Mak Edhor nyauri ambi nyenged-nyengedaken mesesegane.

Ahire tanggane pating runggu. Kabeh pada teka nyang umahe Kik Edhor. Kang digudhag wis mari adus, cepak-cepak bekakas perange, tumbak lan keris. Mak Edhor ya ruwet pisan cepak-cepak keperluan liyane. Wis mari kabeh, Mak Edhor enget : "Kik rika wis madhang?" Sing arep madhang isun, Dik. "Apuwa sih?" Nana." Mak Edhor sing ngomong-ngomong maning. Biyasahe lakine iku masa tau nampik madhang. Atine Mak Edhor sing karu-karuan. Matane ngembung, ngempet tangis. Tangga-tanggane pating ngedhem-ngedhemi Mak Edhor. Ana uga kang nyalami Kik Edhor. Mari Asar, Kik Edhor pamitan nyang kang wadon. Mak Edhor dipeluk. Mak Edhor nangis, iluhe mberebes mili. Tangga-tanggane milu keranta-ranta. Kisa

ditengguluk, keris disengkelit, tumbak dicekel jejeg. Kik Edhor berangkat perang. Mak Edhor lan tangga-tanggane ngeteraken sampik pojok latar. Kik Edhor terus melaku, keleyang-leyang ngulonaken.

Mak Edhor hing mandheg ga nyawang. Kik Edhor ngelencat banyu. Sedilut Kik Edhor wis sing katon, melebu alas. Mak Edhor tangisan ambi sing mari-mari kadhung ndungakaken lakine iku. Nong njero alas Kik Edhor magih terus melaku. Serta wis adoh, wetenge mangkat kerasa elom. Melakune wis ngangsur lan ngedheng-ngedhengaken. Sing kuwat, ahire nganso ngisore uwit gedhe. Kisane diselehaken, kerise dideleh, tombake disendhekaken. Sing katik nganteni engko maning, bontotane mau langsung dibukak. Kik Edhor silah. Epeke dicoplok. Dhasar sakat mau durung madhang. Kawitan diteter sulung kang embuk-embuk. Jenang abang diseruput, sak serodan jenang abang sak katrol limid. Salin sega golong.

Sega golong rong pelas dibukak, sambel tahun ditublek diuled dadi siji. Sing kathik suwi, rong pincuk langsung nggelontor nyang weteng. Kepedhesen, ngombe. Kik Edhor keringeten gobyos, kewaregen, kelambine diuthak. Hing lega, jenang tape dipangan sambi kilah-kilah. Kik Edhor sing kuwat tangi. Dienggo ngadeg belaka awake sing ngelayani. Paran maning mikul tombak. Engko bain iku wis, pikire. Saiki kilah-kilah sulung ambi amik-amik jenang tape. Ring umah Mak Edhor tangisan sing mari-mari. Mbayangaken Kik Edhor diuber-uber Landa, kesereb, ketebal, kepelanting ngalesi mimise Landa.

Gujuh getih keneng gaman lan kang serem-serem liyane. Pikirane Mak Edhor wis kang using-using. "Muga Allah Kik Edhor rika selamat bisa mulih maning. Gusti. selametena lakinkula mbela negara." Mak Edhor ndonga sing pedhot-pedhot. Alas wis peteng. Kik Edhor magih nong ngisore uwit. Durung melaku perang. Perang-peranga. Wetenge saiki lara. Delengane Kik Edhor

kewaregen, wetenge panas merga sambel taun tambah masuk angin kerana kasep madhang lan kesuwen ga uthak-uthak kelambi. Saya suwi-saya suwi wetenge tambah lara.

Sing keneng diempet. Kik Edhor kudu ngising. Awake sida banyu, ngempet mules. Biyasah ngising ring banyu, ngising ning entasan sing enak. Sing kuwat ngempet, Kik Edhor melayu keberet-beret ambi cicing-cicing seruwal nuju banyu kang dilencati mau. Kang sing kan adoh nyang umahe. Teka banyu, umahe katon kelip-kelip damar telempek. Ring njero umah, Mak Edhor tepekur ndonga nyang Pengeran sambi nangis.



Ring banyu, Kik Edhor ngogrok meh ngasep. Ngising sak anter-antere Therothothot..... thoth.... thoth thoth, thoth. Therothot thot thot thoth thoth, abane kaya bedhil. Serang antere abane iku sampik rungu nyang umahe. Rungu suwara kaya bedhil iku mau, Mak Edhor sing keneng dicekeli, mbelabat tangis.

"Kik Edhor Selamatena rika Kik Edhor. Abane bedhil iku kari gedigu, Kik Edhor nyebutana nyang Pengeran, rika. Gusti selamatena lakin kula." Therothothot.. thot thot thoth. Entute Kik Edhor muni maning. Mak Edhor mbelabat tangis maning sambu gulung koming. "Kang, Kik Edhor, selamatena rika Kang, llinga nyang Pengeran, Kang. Nagud Landa ku wis. Selamatena Gusti, lakin kula. Dak perange mari gancang mulih rika wis Kang..."

Ring banyu Kik Edhor ngisinge wis mari. Wetenge wis lega. Wetenge kang bedhis diusap-usapi ambu banyu. Serta wis lega, ngadeg. Kik Edhor bingung. Nyang alastah mulih. Nuli nyang alas, peteng. Lamat-lamat rung wong nangis ring umahe. Dirungok-rungokaken, sing ana maning iku tangise kang wadon, Mak Edhor. Kik Edhor langung bain mulih. "Dik Mak Edhor ngekna lawange. Dik Mak Edhor" Mak Edhor rung, kontan mberejag mbukak lawang. "Kang. Kik Edhor, rika mulih Kang"

Mak Edhor langsung meluk lakine iku. Nangis seketane nong pundhake Kik Edhor, sambu ndelengi awake kang lanang nawi ana kang tatu. "Rika selamat Kang. Alhamdulillah Isun kuwatir nyang rika Kik Edhor. Alhamdulillah saiki wis teka. Ati nisun lega wis. Tepak jedhar-jedhore bedhil iki mau rika ana ring endi Kik Edhor." Kang ditakoni bingung sing ngarti. Tepak jedhar-jedhore bedhil iki mau rika ana ring endi?" Mak Edhor mbaleni pitakone ambu rada anter. "Jedhar-jedhore paran. Dik?" "Ya jedhar-jedhore bedhil."

"Masa ana abane bedhil." Kik Edhor mbantah.

"Ana mau. Abane ring alas kana mau,"

Mak Edhor rada nggetem.

"Ring alas?" Ye, ring banyu mau?

Masa abane bedhil iku Mak Edhor.

Nawi aban isun ngising mau. Iku aban isun ngising, Dik. Mari madhang wetengisun mules. Panas ambi masuk angin. Ngising terus isun." Kik Edhor njawab ambi rada hing rumangsa. Mak Edhor kaget rungu jawabane Kik Edhor. "Paran? Dadi iku mau dudu abane bedhil! Abane entut rika? Mari madhang? Kewaregen? Nyekek, ngontal? Dadi rika durung perang wong nggantheeng!" Mak Edhor nyerecet sambu nggerayang siwur. Thok, thok, thok, thok, thok, thok. Endhase Kik Edhor rencem diantem siwur.



Hasan Basri

KUNTUL LAN BERGUL

Isuk magih adhem sar-saran. Kuntul cilik wis ngganteng. Wis mari adus, kelambine rijig. Saiki nyandhing sarapan. Sarapan ketan, kirip kacang. Dipuluki sambi gendhingan. Emake nyawang atine girang. Kuntul cilik mula hing repot warah-warahane. Hing mangan cangkem. Diwarah sepisan langsung makan. Kocap emake ngomong: "Kuntul, adusa wis kana. Kuntul cilik sing kathik nganteni engko maning, langsung njuwut andhuk, cibuk lan sabune nyang sumur. Mari adus salin penganggo kang rijig. Gedigu saben dinane Kuntul cilik. Mulane emake seru welase nyang anake iku.

Mari sarapan, piringe diringkesi, diasahi ring sumur. Serta embun wis rada asat, mapag wayah sekolah, Kuntul cilik gancang telikas nyepakaken tas lan bukune. PR dideleng wis digarap, etase diselendhang, pamitan nyang emake berangkat sekolah. "Ati-ati nong dalan, aja selaperan," abane emake nong lawangan umah ambi nyawang anake melaku sekolah. Nong dalan Kuntul melaku sambi gendhingan, kadhang ya pelencatan. Atine girang temenan. Enak-enak melaku, sing weruh ring bilukan ngarep, Bergul ngerundhuk-ngerundhuk arep ngagetaken. Serta gadug bilukan, mara-mara "Dhuor....!" Bergul ngagetaken Kuntul. Kang dikagetaken kelonjak, kemesut atine. Kuntul ngusuki dhadhane ambi kaya wong semprong-semprong, tandha kaget temenan. Masiya gedigu, Kuntul nora muring. "Tanggo paran rika iki mau Bergul, kaget isun. Nagut yara wis!" Kuntul ngomong ambi munyik-munyik.

Bergul, kang mari ngagetaken sing ana unine. Mong tangane bain dicarukaken endhase lan sikile dijunjung-junjung selisih gantian kaya

timbangan. "Arep nyang endi rika Kuntul?" Bergul takon. "Sekolah," Kuntul njawab cekak. "Sekolah? Aja kathik sekolah wih, milu isun bain."

Bergul mangkat ajak-ajak elek. Hing dhemen ana kancane patheng. Bergul mula seru malese dikongkon sekolah. Timbang sekolah jare aluk memengan, ngelapra. Ceburan ring banyu, paran maning, seru dhemene. Sedina jampleng betah. Mulane, maca bain sampik saiki sing encos. "Emong Bergul, isun diuwel emak," jare Kuntul magih iling nyang welingi emake. "Heh, nyang banyu, nggolet iwak. Enak. Mengko sira kang mangan, isun kang nggolek. Kurang enak kelendi!" Bergul mangkat maksa lan teka kasare. "Ayo, ayo tah....!"

Sing kathik nunggu saure Kuntul, Bergul ngampret-ampret tangane Kuntul. Dhasar Kuntul awake rincung, diampret-ampret gedigu meh-meh kesereb. Wedi, Kuntul ahire nurut nyang ajakane Bergul. "Isun masa bisa nggolet iwak Bergul, sing bisa nyelurup." Kuntul ngeringih sambikesandhung-sandhung. "Diwarah isun kang nggolet ka, sira mong kang tukang nyekel, ngarti? Wistah kang ayem. Enak-enak sira." Bergul terus nyecocos ambi terus ngered-ngered Kuntul.

Bergul lan Kuntul melaku ngidulaken. Bergul sing mandhek ga ngomong. Kuntul sebalike. Sing kathik ana omonge. Kala-kala ambi nuli memburi, kaya weruh nyang rupane emake ring lawangan umah mau. Banyu Bomo kang dituju wiskaton. Banyune jeru, wera lan kening. Watune gedhe-gedhe. Dalane mengisor adoh lan lunyu. Kiwa tengen uwit dhuwur-dhuwur. Gadug panggone, nong pinggir banyu. Kuntul dipapakaken nong watu gedhe ceper. "Wis lungguha sira engkene." Bergul uthak-uthak kelambi. Kuntul meneng methetheng. "Mengko dakisun ulih iwak, sun uncalaken nyang sira. Cekelen ya!" Mari ngomong, Bergul langsung nyebur. Byuuur... Kuntul bingung, bingung ngereken kelendi carane nyekel iwak. Tangan, sing duwe, duweni seriwi. Terang sing keneng

dienggo nyekel iwak. Kenenge dienggo miber lan kepet-kepet. Dipikir-pikir, ahire, "Iya wis," jare Kuntul. "Dak Bergul ulih iwak, mengko sun idek lan sun cucuk. Pikirane Kuntul wis lega. nemu akal. Sing suwe, ring ngisor..."



"Awat Kuntul, iwake. Ulih wis. Cekelen!" Mari nguncalaken, Bergul langsung nyelurup maning. Ambi Kuntul iwake didelekep, diidek. Buru sedhilut, Bergul njumbul maning. "Kuntul, ulih maning! Iya," saure Kuntul. Kerana sikile wis ngidek, saiki iwake dicucuk. Kuntul buru mapak-mapakaken iwak ring cucuke, Bergul wis njumbul maning. "Kuntul. cekelen! Iya," saure Kuntul sing keca maning, maklum ngomong ambi nggeget.

Kuntul bingung, sing ana kang dienggo nyekel. Iwak kelepak-kelepak. Kuntul sing kerasa, iwak kang ana ring cucuke mau dieleg. Ganti dienggo nyucuk iwak kang anyar. Iwak kang dieleg magih liwat nong gulu, Bergul nguncalaken iwak maning. Kuntul bingung nyekel maning. Ahire kaya mau. Iwak ring cucuke dieleg, iwak kang anyar dicucuk. Gedigu sakteruse sampik

ulih iwak akeh. Kuntul kewaregen, welangketen. Serta wis suwi, Bergul njumbul. Kesel, semendhe ring paras, ambekane ngangsur.

"Ulih akeh Kuntul?" Bergul takon. "Akeh." saure Kuntul edheng. Bergul mentas. mara nyang Kuntul. Bergul kaget. Iwake kok mong loro."Endi iwake? Jare Akeh?"Akeh Bergul." Kuntul ngomong ambi wedi."Endi? Ana ring njero wetengisun."Paran? Ana ring njero wetengira? Iku arane sira untal! Bergul ngomong ambi mendelik. "Dadi isun kesel-kesel sileman mau, iwake sira untal dhewek? Isun sira umani mong loro iku? Enak sira, kari nyekel, wareg. Isun rasakena. Kulit bebres kabeh kesesreg paras. "Saiki sira nggoleta!" Bergul mbenthak Kuntul. "Isun sing polah bergul,"Kuntul nyauri ambi mangkat nangis."Dikongkon nggolet iwak, nangis!"

Bergul nggetem, Kuntul disundhungaken. Kepelanting, Kuntul geruh-geruh. Bergul tambah muring. Kaya wong kesetanen, Kuntul dibubuti wulune. Wulune seriwine, wulune buntute, wulune awake, kabeh riig. Wis gering, sing ana wulune. Nana belunge Kuntul pating mecengul. Kenceng gambange, kulite malah ana kang katut. Adhem, Kuntul nangis ambi gemeter, cindhilen. Mari mbubuti, Kuntul ditinggal sedhok dhewekan. Bergul mulih ambi nggerundeng. Kuntul sing bisa mulih. Kelendi bisa mulih? Arep miber, wulune seriwine limid. Kuntul njuntel ring selempitane watu, nggolet anget-anget ambi terus nangis.

Ngarepaken magrib, lawa wis mangkat seliweran metu teka pupuse gedhang, emake Kuntul bingung. Anake sing ana mulih. Selabar-selabar sing ana kang weruh. Emake Kuntul miber nggoleti anake. Munyeng-munyeng ngubengi kampung. Angger ana sapa bain, mudhun nakokaken anake. Kabeh kang ditakoni sing ana kang weruh. Emake Kuntul miber maning rada adoh, ahire marek-marekaken nyang Banyu Bomo. Temenan, teka ndhuwuran lambat-lambat

ana abane lare nangis. Nitik suwarane, terang iku tangise anake. Emake Kuntul kontan cemelot mengisor.

Gadug panggone, ring selempitane watu, hing salah, bener iku anake. Kuntul cilik merem, nangis ambi gemeter. Suwarane wis meh entek. Emake langsung meluk anake. Tangisan weruh anake kari gedigu iku. Jengah, apuwa anake nong pinggire banyu dhewekan. Lan maning kang ditangisaken, nyang endi wulune anake iku. Sambi meluk anake, emake kuntul nangis ambi digendhingaken. "Nak anak si Kuntul lul lul lul lul. Nong endi seriwinira tul lul lul lul. Nong endi buntutira tul lul lul lul..."

Gedigu tangise Make Kuntul bolak-balik. Anake dipeluk digawa miber mulih. Gadug umahe, Kuntul cilik dikemuli kandel lan kulite dilengani. Sewengi-wengi sing ucul ga meluk anake. Isuk-isuk emake kuntul neges anake. Kelendi kedadiane sampik kaya gediki iki. Kuntul cilik aju cerita paran anane sakat kawitan sampik pungkasan. "Ee. temakaken Bergul kang mulasara sira gedigi iki? Awas sira! Mulane Tik, kang ati-ati kancaan. Miliha kanca kang apik. Kanca apik sira ya milu apik. Kanca elek sira ya milu elek. Bergul iku males, sungkanan, sing keneng dijak kancaan.

Iya wis kapan-kapan dibales kelakuane Bergul iku!" Make Kuntul aju warah-warah nyang kanca-kancane. Kuntul-kuntul liyane padha teka. padha nyambang. Kabeh pating welas, lan kabeh nggetem nyang Bergul. Kuntul iku rukun ambi kanca-kancane. Nyang endi-endi mesti mibere bareng. Jejer-jejer lan ambak-ambakan.

Isuk ngulon. soren ngetan. Arang nemoni kuntul miber dhewekan, mesthi ana kancane. Nggolet pangan ya gedigu, bareng. Delengentah ring sawah, ring wite asem, mutih nong ndhuwuran. Masa mong siji, naming wakeh, lima, sepuluh, bisa lebih. Isuk iku Make Kuntul rembugan ambi kanca-

kancane. Serang akehe kancane, meh hing cukup umahe. Rembugan ngerundhingaken carane mbales Bergul. Rembug ulih rembug, kabeh ngegonggi mengko bedhug Bergul dikerubut bareng-bareng.

Gadug wayah kang diarep-arep, kabeh kuntul ngiting ring dalan kang biasahe diliwati Bergul. Para kuntul mau sengidan ring uwit sami terus ngiting. Sauntara suwene, kang dianteni wis katon ring kadohan. Kaya adate, Bergul melaku dhewekan, ambi tolah-tulih lan melakune dianggak-anggakaken. Kuntul pating nguweni tandha nyang kanca-kancane. Kabeh nggetem. Sikile dicakar-cakaraken ring empang, cucuke dipathok-pathokaken, diesah. Serta wis parek. kaya diurak, kuntul-kuntul mau ngerubut lan nyucuki Bergul. Bergul melung-melung, mong kerungu suwarane thok. Awake sing katon serang akehe kuntul kang ngerubut. Bergul sing kelar ambekan.

Sambate Bergul sing direken, kuntul-kuntul mau rebutan, seren-serenan nyucuki Bergul. Bergul mong bisa sambat, sing bisa paran-paran. Awake rencem. tatu kabeh, sing ana kang wutuh. Serta wis lega, kuntul mau pating miber ninggal Bergul dhewekan. Bergul kosah-kosah, awake tatu kabeh. Arep njaluk tulung, sing ana kancane. Arep melaku, sikile perih, matae sing katon. Edheng-edhengan Bergul minser sithik-sithik nyang uwit. Semendhe. Ngenget-enget kedadian kang buru iki mau. Bergul meneng metenggengen. Sak awak perih kabeh. Rasane atine kapok wih nggawe salah nyang kuntul. Kuntul menang, kerana rukun nyang kancane. Serta iyane kang kelaran, kok sing ana kang nulung? Iku kabeh balik nyang tingkah lakune Bergul.

Hasan Basri

MUNTHUNG LAN RUNTEN

Munthung iku anake Bojog, Runten anake Kura. Bojog lan Kura tanggaan. Padha apike. Sing tau tukaran. Kadhung Bojog duwe panganan, Kura ya diuweni. Sebalike ya gedigu. Kadhung Kura kang duwe paran-paran, Bojog ya diedumi. Malah kerep jak loron iku nggolet pangan bareng. Mari megawe gesah nong pelanca ngarep umah. Nggesahaken anake, penggawean, tontonan lan sepiturute. Pokoke dhemen nyawang rong keluwarga iku. Anak-anake ya rukun pisan. Mengan bareng, muyeb bareng. Kadhang ya tukaran. Dikawiti siwo, wadanan pungkasane pulet. Naming bapake masa tau milu-milu. Dhasar lare. Dibandhingaken Kura, Bojog kang kerep sanja. Takon iki iku nyang Kura. Kura, masiya kethemak-kethemek dhung melaku, naming pinter. Dak Bojog, telikas sembarange. Paran maning dikongkon menek, nyang pupus wani. Naming ya gedigu, sing kathik peritungan. Pokoke megiyat. Terotos dhik.

Isuk, serngenge magih abang, Bojog nemoni Kura. "Kang Kura, sing megawetah?" Bojog ngawiti omong. "Emboh iki," jare Kura. "Yaiku Kang, lare-lare durung ana kang dipangan iki." "Kadhung gedigu, kelendi dak nggolet kepundhung. Delengane kepundhung mpinggir banyu 'ka wis tuwek-tuwek,' jare Kura. "Iya wis Kang, jempol iku. Sulung isun mulih njuwut kisa," Bojog ngomong sambli pamitan. Kura melebu nyang umahe uga njuwut wadhah. Sing lali sarapan sega adhem sithik, makne sing elom nong ndalan. Kura lan Bojog melaku wis nyang kang dituju. Ambi melaku, ana bain kang diomongaken Bojog. Kura, akeh menenge. Paling-paling nyauri

sithik-sithik gesahe Bojog. Magih adoh, uwite kepundhunge wis katon. Ndeleng iku Bojog sing serantan, ngajaki melayu nyang Kura.

"Ayo Kang hang gancang, ika katon wis kepundhunge."

"Melakua sulung wis, isun sing bisa melayu," saure Kura.

"Ayo sun cengklek!"

Sing kathikan nganteni, Kura langsung dicengklek Bojog. Nyengklek ambi melayu. Kura muncal-muncal nong boyoke Bojog. Gadug panggone. Kura gancang-gancang didhunaken. Uwit kepundhunge dhuwur, uwohe wis akeh kang tuwek. Kang logrog ketuweken, kang nong lemah, sing kalah akehe. Kari muputi bain. Bojog wis weruh ring ngisor akeh iku sing lega. Menek bain. Methiki kang magih putih-putih ring empang. Kura, muputi ring ngisor. Enggo paran nggolet nduwur, ring ngisor kang matengan. Ngesel-ngeseli menek bain. Gedigu pikire Kura, kang mula sing polah menek. Ring ndhuwuran, Bojog pelencatan teka empang siji nyang empang liyane. Sedhilut bain ulihe wis akeh. Mudhun ambi kongos-kongos. "Kang Kura wis ulih akeh?" Bojog ngomong ambi semendhe "Uwis ayo mulih," jare Kura.

Jak loronan mulih, mengkek-mengkek nengguluk langsung. Gadug umahe dhewek-dhewek dikroyan sak keluwarga. Anak-anake, Munthung lan Runten pating girang, mangan ambi pelayonan. Kesel pelayonan, Munthung lan Runten lungguh bareng mangan kepundhunge dhewek-dhewek. Runten jengah, apuwa munthung angger mangan kepundhunge kok ambi merem-merem kaya wong kekecuten. Iyane using kok. "Munthung endi tilikana keh kepundhung isun," Runten nawani Munthung.

Kang di tawani gayap langsung dieplok.
"Kok enak ulihe bapak rika Runten?"
"Enak, bapak isun pinter,"
jare Runten ambi mangan kepundhung.

Munthung mbesengut-mbesengut mulih ambi
sikile disarug-sarugaken. Wadul nyang bapake.
"Pak kepundhunge Runten manis eh Pak!
Kok ulihrika kecut, campur pait?"
Munthung mbesengut alise caruk.

"Heh! Kepundhunge Runten iku kang sing enak.
Wong bapake iku mong puput-puput ring ngisor,
kang elek kok. Bapakira iki menek mendhuwur,
nyang pucuk.

He... belong!"
Bojog njawab ambi nyundhungaken bathuke anake.
"Taping enak eh Pak. Iki rasakena acake."
Munthung nguwani sisane kepundhunge
Runten nyang bapake.
Dirasa-rasakaken ambi Bojog. Enak temenan.
Bojog munyik-munyik ambi manthuk-manthuk.
Isin nyang anake, metu nyang umahe Kura.

"Kang, ulih isun kok kecut Kang.
Hale isun wis menek mendhuwur.
Rika ra mong puput-puput ngisor?"
"Yaiku, kang rika pethiki ndhuwur iku kang magih enom,
sing enak. Kang sun puputi ngisor iku
kang wis tuwek. Manis."

"Sing elek iku Kang?"
"Iku serang tuweke sampik logrog."
"Ye... dadi kang enom iku pait ya Kang.
Kang tuwek, manis. Kapan-kapan dak
nggolet paren-paren maning milih kang tuwek."
Bojog ngomong ambi ngenget-enget.

Liya dina Bojog bingung panganan maning. Kaya adate, bingung
jujugane ya umahe Kura. Kang diparani, Kura, enak aring-aring ngarepe
bengahan. Bojog njujug bain ring pawon.

"Kang, lare-lare sing ana kang dipangan
maning iki Kang," jare Bojog milu ngogrok.
"Iki ana bakaran sawi. Nggawaa wis siji."
"Bek Kang, nggo selilit ambi Munthung mong siji ku.
Weruh dhewek rika panganane anakisun."
"Dak gediku ayo mari iki nggolet timun."
Nsawah kidul ka abete akeh timun."
"Iya wis Kang."

Bojog langsung mulih. Teka-teka wis nggawa kisa.
Berangkat wis jak loronan nyang sawah kidul.



Gadug panggonan, timun ting mecil. Masa kathik using, wedi kasep nyang Kura, sakkal Bojog melencat mentengah, milih kang tuwek-tuwek. Kang soklat meh-meh meletek kok. Kura, lendhuk-lendhukan bain milih kang enom. Kang magih iju. Serta wis ulih akeh, mulih. Gadug umahe dhewek dhewek, dikroyan sak anak-anake.

"Ga iki enak wis, tuwek-tuwek," jare Bojog nyang anake.

"Ngkono wis ambi Runten, acake enakan ulihe sapa!"

Bojog ngongkon anake metu. Nong njaba,

Runten ngethemel mangan timun ulihe bapake.

Munthung mara.

"Mbok Runten ayo enak-enakan,

keh timunisin panganen sulung," jare Munthung.

Dipangan ambi Runten, dirasa-rasakaken.

"Sing enak! Campak, kulite atos!"

Runten mbalekaken sisane.

"Tilikanatah timunisin, enak."

Runten nguweni Munthung. Dicandhak, dipangan,
dirasa-rasakaken.

"Iya, enak timun ulihe bapakrika.

Bapak iki kelendi sih, sing tau enak ulih-ulih.

Munthung muring-muring, mulih nemokaken bapake.

"Apen! Enakan timunira.

Timunira iku tuwek seru ya, bodhoh!"

Bojog mendeliki anake.

"Yaiku kang tuwek sing enak. Pak!

Kang enom iku kang enak.

Meranaatah nyang umahe Mbok Runten."

Omes-omes, Bojog nyang umahe Kura ambi n

ggerundeng. "Jare kang tuwek iku kang enak. Kelendi sih."

Gadug umahe Kura, "Kang, kelendi sih,

jare rika kang tuwek iku kang enak,"

jare Bojog ambi bathuke mbelekithut.

"Ya dak timun, bida Bojog. Kang enom iku kang enak."

"Kok bida-bidaan, Kang?"

"Sembarang iku masa keneng dipadha-padhakaken.

Duwe sipat dhewek-dhewek." jare Kura muruki Bojog.

"Embuh wis Kang, bingung isun."

Mari ngomong, Bojog langsung mulih ambi kukur-kukur.

Liya dina maning. Kura lan Bojog melaku megawe bareng. Sak dawane dalan omong-omongan kadhang gemuyu bareng. Serta arep ngelencat banyu, banyune belabur. Gedhe. Mara-mara ana uwite gedhang keli. Weruh iku, Bojog melencat nyang banyu, uwite gedhang diered minggir. Ndarani ana uwohe. Temakaken nana. Amba Bojog arep dikelekaken maning.

"Aja!" jare Kura. "Timbangane dikelekaken, bangur ditandur. Mbisuk keneng diundhuh uwohe."

Kura njelasaken. Bojog ngiyani bain.

"Isun nandur pucuke, rika bongkote," jare Bojog gancang.

"Apuwa sih?" Kura takon.

"Makne gelis nguwoh. Kang." Sing kathik

nganteni saure Kura,

uwit gedhang langsung dikethok ndhuwur ambi Bojog.

"Nyak, rika bongkote."

Uwit gedhang ditandur. Bojog nandur pucuke,

Kura nandur bongkote. Aju mulih. Serta wis suwi,

tanduran diludhang. Bojog kaget.

Kok tandurane mati, garing.

Tandurane Kura kok nguwoh?
"Kang Kura! Tanduranisun kok mati. Kang?"
"Ya ketang kang Rika tandur pucuke, ya mati.
Polahe sing ana jangkare."
"Kok wong nandur uwite santen ika sing
kathik jangkare, Kang." "Hale wis sun warah rika iki.
Sembarang iku aja dipadha padhakaken.

Duwe cara dhewek-dhewek. Rika lan isun kudu niteni, kudu sinau. Njaluk wuruk nyang kang bisa. Aja nggampangaken perkara. Sembarang iku dipikir sulung. Aja mong nganggo otot, nganggo pikiran iku penting." Kura ngomong akeh-akeh ambi endhase kang sak jempolan iku ubah-ubah ngiwa nengen. Bojog sing kathikan ngomong, mingkem, Ngakoni dak iyane budhuh. Sing tau menang dak ambi Kura. Kura cilik. Melakune kethemak-kethemek, naming pinter. Iyane gedhe, dak melayu anter, paran maning pelencatan, naming dikongkon mikir seru sing dhuwege. Sing paran-paran wis, kelendi maning. Salahe bengen, iyane sungkanan sinau. Wayahe sekolah, melincur nyang sawah, wayahe ngaji enak ndeleng tipi.

Hasan Basri

PANJI GIMAWANG

Ana jare, bengen. Wong lanang nggantheng tur sugih. Sawahe sak ara-ara. Umahe ring Sukanatar. Masiya sugih naming uwonge iku apik nyang wong liya. Sing sombong sing melid. Kabeh wong dhemen nyang iyane. Kadhung sawahe wis wayahe tandur utawa nggampung, kabeh wong girang milu buruh. Girang polahe jaminane akeh lan enak-enak. Sasat jajan sak pasar ditebas enggo suguhane wong megawe. Hing iku bain. upahe uga akeh. Lan maning, masiya sugih uwonge sing ningrati. Artine, masiya sugih tur nggantheng, iyane ya gelem nyebur nyang kedhokan, masiyatah mong milu guyon lan gesah.

Kadhang uwong-uwong iku padha ngomong, "Mong..wong kari nggantheng diku nong panasan, emen-eman yara?" Tapi dhasar uwonge mula gediku, ya wis dadi adate. Setemene nyebur kedhokan iku mong nggo ngerukuni lan ngeraketi nyang liyan. Masiya sugih, iyane iku sing nganggep dheweke nduweni derajat kang bida ambi wong liya. Sing mbidakaken antarane wong melarat lan wong sugih, kabeh diapiki lan dianggep dudur.

Wong lanang sugih tur nggantheng iku mau kejuluk kang aran Panji Gimawang. Panji Gimawang durung umah-umah. Mangka kabeh sarat wis nyukupi. Umah magrong-magrong, sawah weru, umur ya wis wayah. Setemene masa perkara sing ana kang dirabi. Kabeh perawan ngidham dirabi Panji Gimawang. Antri kang ngunggah unggahi. Ana kang nduduhaken sugihe, ana anake wong kang ngaku duwe derajat, ana kang pamer ayune, naming sithik Panji Gimawang sing umik. Perkarane sing ika sing iki. Mong siji. Panji Gimawang sing arep rabi, dak sing ambi perawan desa kang aran Mbok Delima. Kembang

galengan kang umahe ring Tegaldelima. Penggaweane nong sawah, tandur, matun lan gagas.

Nggarahi paran sih. Mbok Delima iku masiya sing anake raden, dudu mong ayu rupa thok, naming uga ayu atine. Sakliyane iku Mbok Delima duwe kesakten kang ngungkul-ngungkuli. Mbok Delima duwe jarit kang bisa ngganteni ewuan wong megawe. Kadhung jarit iku diseblakaken ring sawah kang arep tandur, masiya sak pira werane, sakkal sawah iki mau ketandur winih. Dak diseblakaken ring pari kang wayahe nggampung, uga sakkal pari iki mau wis kegampung. Naming masiya gediku Mbok Delima sing sombong lan aleman. Iki kang dikedani Panji Gimawang. Panji Gimawang mendem asmara. Mong Mbok Delima kang dipuja-puja. Ring endi-endi Mbok Delima kang katon ring mata.

Setemene Mbok Delima uga dhemen nyang Panji Gimawang, mong dheweke wedi nyang kakange, Waisa Janur lan Waisa Sura. Kakange loro iku sing setuju lagute Panji Gimawang iku wong sugih. Mengko adike mong direh kesaktiane. Sing diwelasi sekabehane. Sawahe Panji Gimawang wis wayahe tandur. Kabeh wis ratan. Pirang-pirangane puluh pasang sapi buru bain usan. Panji Gimawang iling Mbok Delima. Mandanea wong kang diwelasi iku milu tandur ring sawahe, cager senenge atine. Naming karepe iki mau mong dibatin bain, bingung paran kang dilakoni. Meneng-meneng Mbah Buyut ngerasakaken oyange Panji Gimawang.

Sing betah Mbah Buyut takon.

"Panji Gimawang, sira ngarep-arep temenan Mbok Delima milu tandur ring sawahira?"

"Iya Mbah Buyut. Tulung apuwa dak rika sing repot celukena endi Mbok Delima iku."

"Dak gedigu karepira iya wis sunturuti."

Mbah Buyut langsung berangkat. Setengah dina buru gadug panggone. Waisa Janur Waisa Sura, kakange Mbok Delima wis ngarti nyang karepe Mbah Buyut. Gelis-gelis wong loro iku marah nyang adike, manti-manti supaya nampil paran karepe kongkonane Panji Gimawang iku. Nong umahe Mbok Delima Mbah Buyut ngadhup. ngomong kelawan nggendhing.

"Mbok Delima tulungana tandur sawahe

Panji Gimawang, Mbok Delima."

Mbok Delima nyauri, uga ditembangaken.

"Emong emong, sawahe Panji Gimawang

akeh lintah, emong-emong."

Mbah Buyut sing langsung mutung. Ngarti kadhung saure Mbok Delima iku mung kerana wedi nyang kakange. Mbah Buyut kelawan sabar mituhu ngerundhing Mbok Delima. Temenan, ahire sambi sengidan-sengidan Mbok Delima gelem milu Mbah Buyut menyang Sukanatar. Panji Gimawang kang nganteni, sing serantan lan hing nyandhang gancang kecaruk Mbok Delima. Sewengi nganteni, rasane kaya setahun lawase. Sewengi oyang sing bisa turu. Isuk-isuk tepak wong buruh tandur padha teka, Mbok Delima gadug ring sawahe Panji Gimawang.

Uwonge ayu cerincing, kulite rijig. Ring bangkike, katon disabukan jarit warna abang. Wong-wong pating nuli nyang iyane. Sing sepira suwi. hing dinyana, wong ayu iki mau kaya sing eman-eman nyang ayune, langsung mangkat megawe. Weruh Mbok Delima tandur, Panji Gimawang meceger

kaya reca. Ngomong sing kongang. Sing pantes ambi oyange. Mbok Delima, kang disawang, enak tandur.

Suwe sawentara, katon Mbok Delima mangkat ngadeg nyoplok jarite ring bangkike. Kadhung Mbok Delima wis nyoplok jarite, yaiki wis manjinge Mbok Delima ngetokaken kesaktiane. Kala iku katon temenan perbawane Mbok Delima. Sambi kaya wong njuget, jarite diseblakaken mendhuwur. Jarit kang dwa iku cemelorot mendhuwur kaya ula naga. Aja takon paran kedadiane, sakkal semono werane sawahe Panji Gimawang iku wis ketandur winih kabeh. Wong-wong pating kaget lan jengah. Sing ana kang ngucap, kabeh metenggengen. Mari nyeblakaken jarite. Mbok Delima mentas nyang. galengan pamitan mulih nyang Mbah Buyut. Sing njaluk upah sing njaluk mangan. Nyata temenan kabeh kang dilakoni maul mong diniyati pitulungan kelawan iklas lan ati lila.

Panji Gimawang ngawasaken kabeh lakuni Mbok Delima mau sing duwe daya paran-paran. Aja cacak ngajak ngomong, nyeluk bain cangkeme kaya jangget. Ana Mbok Delima mulih iku bain, Panji Gimawang karepe ngerasani sulung. Naming kabeh karepe iku mau micek, hing muni. Kalah ambi perbawane Mbok Delima. Serta Mbok Delima wis sing katon ring arepe, Panji Gimawang buru kongang ngomong nyang Mbah Buyut.

"Apuwa sing rika kongkon lungguh sulung iki mau Mbah Buyut?" Panji Gimawang ngomong sambli getun-getunan.

"Kelendi arep ngongkon, wong isun iki mau kaya lali sekabehane."

"Terus kelendi iki Mbah Buyut?"

Panji Gimawang ngeringih kaya lare cilik.
"Ya wis kelendi maning, mbisuk bain dak
nggampung dijuluk merene maning."

Panji Gimawang mandhek meneng bain. Marine kelendi. Sak ulan
rong ulan dianteni. petang ulan liwat parine kuning wis wayahe nggampung.
Panji Gimawang ngengetaken Mbah Buyut supaya marani Mbok Delima.
Mbah Buyut welas nyang Panji Gimawang. gelis-gelis berangkat nyang
Tegaldelima. Wis dadi adate wong bengen. ngomong ambi nembang.
"Mbok Delima tulungana nggampung sawahe Panji Gimawang,
Mbok Delima..."

Sing repot kaya bengen. Mbok Delima langsung gelem milu Mbah
Buyut berangkat nulungi nggampung Panji Gimawang. Ring mburi sing
weruha Maisa Janur lan Maisa Sura sengidan-sengidan nututi. Ring Sukanatar
Panji Gimawang wis nganteni ring paglake. Paglake dhuwur, endah dadi
rerenggane pesawahan. Sakane teka kayu jati taun, ukiran. Welite welit
pilihan. Andhane timplikan pitu dikelir pitung warna. Teka kadohan paglak iku
mau katon kemeredep-kemeredep.

Dhonge wayahe mangkat nggampung Mbok Delima teka. Iyane sing
kerasa dak diawasaken Panji Gimawang. Mbok Delima mangkat nggampung,
jarite disangsangaken ring sakane paglak. Enak-enak nggampung, jarite ambi
Panji Gimawang dijuwut, disengedaken. Karepe makne Mbok Delima sing
ngetokaken kesaktiane. Makne suwi kadhung nulungi nggampung. Kadhung
suwi iyane yara bisa namataken nyawang kekasihe iku. Ring kedhokan, serta
wis kerasa kesel Mbok Delima arep njuwut jarite. Dideleng, jarite ring sakane
paglak mau sing ana. Mbok Delima bingung. Nulih mendhuwur, Panji

Gimawang ngawasaken lan jarite katon melamuk-melamuk disilir-silir angin. Mbok Delima bangkel campur isin. Dijuwarek juwarekaken njaluk jarite sambu nembang.

"Panji Gimawang cicirena jarit pusaka nisun, Panji Gimawang.."

"Emong-emong, munggha sak timplikan bain,"

Panji Gimawang nyauri uga ambu nembang.

Mbok Delima munggha sak timplikan.

Aju njaluk jarite maning sambu nembang.

"Panji Gimawang cicirena jarit pusaka nisun,

Panji Gimawang.

"Emong-emong, munggha sak timplikan bain."


Mbok Delima munggha maning sak timplikan. Gedigu seteruse sampik ping pitu, ahire Mbok Delima gadug ndhuwur jak loronan ambu Panji Gimawang. Sing dinyana, Waisa Janur lan Waisa Sura, kakange Mbok Delima jemugrug teka. Karo-karone sing terima adhike kauthik Panji Gimawang. Muring, raine abang, getihe gemulak, nyeblak suwara nyang Panji Gimawang. "Heh, Panji Gimawang, dhuna adhikisun Delima!" Panji Gimawang njawab sing kalah getak. "Emong-emong, kadhung wani takiran getih."

Panji Gimawang mudhun, Waisa Janur lan Waisa Sura mapag. Rajapati wis sing keneng dicegah. Wong lanang telu iku mau tandhing adu nyawa, nuruti umube murka. Semuwung suwarane kelewang lan keris. Getih kaya disirat-siratakan. Mbok Delima njerit-njerit seketane. Uwong telu iki mau wis sing katon uwong, mong katon kaya unyenge angin. Sing arep mari kadhung

durung ketekan pati. Pungkase, kaya diuncalaken, Waisa Janur lan Panji Gimawang melesat kepagag pati.

Waisa Sura weruh dulure mati, kesetanen. Awake diunyengaken, ngetokaken kesaktiane. Tangane didhaplangaken, undang-undang angin, silir-silir angin. Saknalika langit peteng. angin lisus teka. Aja takon paran kedaden seteruse. Sing kathik using. sembarang kang ana kabeh katut kegulung angin. Paglak, pari, wit-witan lan sepiriturute uga Mbok Delima lan Waisa Sura. Kabeh semembur mendhuwur kaya diserod langit.. Kahanan wis kaya kiyamat. Kabeh rusak lan nemu pati. Lawas-lawas, welite paglake Panji Gimawang kang kesilir angin lesus mau ditemokaken adoh ring dhaerah kidul. kesangsang ring weringin. Kanggo pengiling-iling. ahire panggonan iku terus diarani "Kesilir".

Hasan Basri





PITIK CEMENG

Usum panas sing ana pangan. Tanduran garing. Lemah ting merekah. Panas seru bangete. Nggo pangan, aja cacak beras. pupuse gegodhongan bain angel ditemokaken. Kabeh bingung, kabeh keloman. Semono uga Pitik Cemeng lan anak anake. Wis pirang-pirangane dina anake Pitik Cemeng sambat sing kuwat nanggung elom. Pitik Cemeng anake lima. Awake gering-gering. Paran maning kang kemunjilan, nangis thok. Pitik Cemeng. babuhe bingung sing kuwat ngerasakaken. Biasahe sing repot nggolet pangan. Cengkerek-cengkerek ring lebu gedigu bain wis ana kang keneng dipangan. Saiki belas.

Kang ana mong lebu lan dheketan garing. Ring banyu uga wis lawas sing ana wong mucusi lan asah-asah. Pantesane sing ana kang diasahi. Dak ring banyu wis sing ana upa, tandhane angel temenan pangan. Welas nyang anak-anake, Pitik Cemeng ngajak nggolet pangan nyang alas. "Navitah Tik magih akeh rayap ring alas," jare Pitik Cemeng. Anak-anake, kang diajak ngomong sing weruh jawane. Wong magih cilik-cilik. Paling kang diweruhi saiki kok sing ana pangan, iyane elom. Mari wis. Lare cilik yara mula mikire ringkes lan cekak. "Iya wis Tik, ayo saiki nyang alas." Pitik Cemeng ngomong dhewek sambi ngusuki endhase anak anake.

Sedina jampleng ana ring dalan. Ngeliwati sawah, kebonan, gumuk, kadhang ngelencat banyu. Anake kang gedhe-gedhe sih wis bisa selamberan. Anake kang cilik iku, sing leren leren kancrit ring mburi. Wis, babuhi leren nuntun, laran ngaruh-ngaruhi kang gedhe aja kari gancang-

gancang melakune. Ngarepaken asar alase buru katon. Masiya samar-samar, naming ketara wis ga uwite dhuwur-dhuwur.

"Alak, alase parek wis Tik." jare babuhe.

"Mari iki madhang. Mak?" anak-anake nyaut meh bareng. "Iya, tuwuk-tuwukena ya mengko sira madhang," abane babuhe nyenengaken anake.

Alase wis marek-marekaken. Tambah ketela-tela wit witane. Ana kang nggerembek, ana kang dhuwur, ya ana kang endhep. Kabeh jejer rapet. Uga akeh maceme uwite. Godhonge ana kang wera, ana kang ciut. Gadug, ahire Pitik Cemeng lan anak-anake wis ana ring njero alas. Nuli mendhuwur langit sing katon serang rapete uwit.

"Mak, adhem ya Mak, ring kene," jare salah sijine anake.

"Iya, polahe akeh wit-witan.

Wis, aja pati ngobos, ngkana mangan entek-entekena."

Nana, Pitik Cemeng lan anak-anake sing iling paran-paran kadhung mangan. Sampik sing kelar ambekan. Serang laline ga mangan, sing kerasa kadhung mentengah-mentengahaken sampik nong tengah-tengahe alas. Nyandhak bengi kahanan tambah peteng. Ahire Pitik Cemeng lan anak-anake bingung nggolet dalan mulih. Melaku merana-merana salah, sing ana jutulane. Serta peteng jumpret anak-anake mangkat wedi.

"Mak, nyang endi iki Mak?"

"Nggolet dalan mulih. Masa ana paran-paran Tik, aja wedi. Kadhung sing ketemu dalane ya nginep ring kene bain."

"Turu ring paran, Mak?"

"Ya ring paran-parane ra keneng. Tik.

Emboh ring isore uwit, emboh njero guwa, emboh ring..."

Sambi gesah Pitik Cemeng lan anak-anake terus melaku saktemu-temune. Enak-enak melaku, sing dinyana ring njero alas iku ana sorote damar kelip-kelip ring kadohan.

"Ika Tik ana sorote damar, endhane umahe uwong?

Makne wih enake diparani bain.

Sapa weruh keneng dipiloni turu. Ayo merana."

Diparani damar iku. Bener, temenan. Temakaken umah. Umahe teka welit, sing gedhe, cilik. Delengane sing pati kerumat. Pantesane uwonge sungkanan. Kang rada nggegirisi, ring latare kok akeh belung leleran. Mamang sakjane Pitik Cemeng. Anak anake pating ndhimpel wedi. Naming wis kadhung nong kono, ahire dithothok bain lawange.

Thok...thok...thok..

"Kula nuwun."

"Mangga. Sapa iku?" saute kang duwe umah.

Suwarane gedhe rada-rada serak.

"Isun Pitik Cemeng lan anak-anak isun."

Rada suwe lawang buru diengakaken.

Serta lawange bukak, ngecek njumbul kang duwe umah, jibros, matane mendelik, untune nyerangah, bacote nyablak, kupinge mangklang lincip.

Pitik Cemeng kelunjuk. Sawentara sing kongang ngucap. Anak-anake ndhimpel nyang babuhe. Sing salah maning, kang ring lawangan iku sing liya kewan kang aran Kuwuk. Tukang mangani pitik. Ya, iyane lan anak-anake. Mangkane akeh belung. pikire Pitik Cemeng sambu kemesar lan dheg-dhegen."Melebu a," abane Kuwuk.



Kaya dituntun, Pitik Cemeng lan anak-anake melebu nyang njero umah. Kuwuk ngawasi dhayohe siji-siji. Damar telempik kelip-kelip nong pojokan, nggawe ayang-ayangane Kuwuk ngebeki umah kaya buta.

"Arep paran sira?" takone Kuwuk ngagetaken
Pitik Cemeng.

"Aa... anu Kuwuk. Isun nunut turu sewengi bain.
Isun kebengen nggolet pangan mau."

"Iya wis, turua ngkono ring bale, isun turu njero."

Mari ngomong Kuwuk langsung melebu. Naming melebu sing arep turu. Kuwuk melebu ngintepi dhayohe, nganteni turune. Pitik Cemeng keruntelan ambi anak-anake. Anake-anake diwanti-wanti aja sampik turu.

"Apuwa sih Mak?" anake kang gedhe takon.

"Ssett..aja anter-anter ngomong!"

Pitik Cemeng ngomong ambi bisik-bisik.

"Sira iki ana ring umahe Kuwuk.

Kuwuk iku tukang mangan pitik.

Dak sira turu, Kuwuk gampang mangan sira.

Wis aja ngomong, kang awas!"

Pitik Cemeng sampik dalu tengah wengi sing bisa turu, nggolet akal kelendi carane bisa metu teka umah iku. "Wis turu dhayoh!" Kuwuk mara-mara ngagetaken. "Durung, magih metani anak isun." saure Pitik Cemeng. Sedhela maning.

"Wis turu dhayoh!" Kuwuk takon maning.
"Durung, magih ndhudhus anakisun."
Pitik Cemeng mbukak jendela edheng-edheng.
Aju nggugahi anake siji-siji.
"Tik, tangia kabeh, mibera yah sira siji-siji.
Mengko antenana ring uwit gedhe ngarepe umah iki.
Wis saiki kang cilik mebera sulung."

Wer...wer...wer...wer...wer.
"Abane paran iku dhayoh?!"
"Nana Kuwuk, abane godhong jati ketebluk."
Aju kang gedhean miber.

Wer...wer...wer...wer...wer.
"Abane paran iku dhayoh?!"
Kuwuk takon maning rada sing serantan.
"Nana Kuwuk abane godhong jati ketebluk."
Kang gedhean maning aju gilirane miber.
Wer...wer...wer...wer...wer.
"Abane paran iku dhayoooh!" Kuwuk melencat nyang
bale ambi nyeringih nyeregep Pitik Cemeng.
Wer...wer...wer...wer...wer.
Wer...wer...wer... wer...wer.

Pitik Cemeng lan anak-anake miber sak anter-antere. Kang nong njaba nututi miber ngetutaken babuhe. Kabeh miber nyipat kuping. Kuwuk kang kepilis, ngamuk, nguber-uber dhayohe, ambi melung-melung.

"Antenana Pitik Cemeng..."

Pitik Cemeng lan anak-anake selamberan teka empang siji nyang empang liyane. Kuwuk terus nguber pelencatan ambi ndhangak ngawasaken mangsane, tanpa ndeleng dalan.

"Antenana Pitik Cemeng!" abane Kuwuk melung-melung.

"Ayo Kuwuk uberen isun," kang diuber manas-manasi.

"Antenana Pitik Cemeng...."

Kuwuk terus nguber sak anter-antere. Serange ga nguber wis sing ndeleng ngarepe ana paran. Emboh jelowokan, embuh watu, kayu kabeh diterak. Tiba tangi sing dirasakaken. Kesereb, kejungkel, kepelanting, ahire...

"Antenana Pitik Cemeng..., "

Jruuwog!!! Kuwuk nabrak jajang ori.

Kuwuk gujal-gujal, berak berak.

"Antenana Pitik Cemeng....,"

Awake Kuwuk ketancep nyang eri-erian. Kelocoran getih. Kuwuk arep ubeg sing bisa ubah. Arep melung-melung entek suwarane. Kuwuk wis sing bisa sambat. Ahire Pitik Cemeng lan anak-anake selamat gadug umah, wurung dadi mangsane Kuwuk. Kuwuk kang ala, keneng bendune Kang Maha Kuwasa.

Hasan Basri

SRITANJUNG

Ana jare ring jaman kuna bengen. Kerajan Mayapada Sindureja arane, lan Perabu Sulakrama kang dadi rajane. Kerajan Sindureja iki ana ring telatah Pulo Jawa bucu wetan. Sugih rajabrana sing kurang paran-paran. Bengen, nalika Kerajan Sindureja magih kesuwur, Pulo Jawa ambi Bali magih dadi siji, sing dieleti segara kaya saiki. Segara wetan iku bengen rupa dharatan kang arane Perapat Agung, lan Bali magih kelebu telatahe Mayapada.

Sewijine dina Raden Sidapeksa kang buru sekulih ngelakoni tapa geni ring Kawah Welirang Gunung Ijen, mudhun nekani Kerajan Sindureja. Raden Sidapeksa kang sedina-dina ana ring Kawah Welirang Gunung Ijen, rupane bagus, dhasar ahli ibadah, cahyane semunar rijig lan nyenengaken. Mula tekane Raden Sidapeksa nong Kerajan Sindureja ditampa kelawan seneng ati ambi Perabu Sulakrama. Lan durung-durung wis dipercaya dadi Mahapatih. Hing maido gok akeh narapraja kang wis metaun-taun ngabdi ring Kerajan Sindureja duwe ati iri lan dengki kepati-pati.


Para narapraja kang padha iri mau kepingin nyingkrihaken Raden Sidapeksa. Kelendi carane supaya Perabu bisa sengit ambi Raden Sidapeksa. Ahire gawe petenah kang disampeken nong Perabu Sulakrama gok Raden Sidapeksa iku setemene kepingin ngelengseraken lan ngganteni Perabu Sulakrama. Buktine Raden Sidapeksa kerep keliling silaturahmi nong para begawan lan para pendhita, runtung runtung melebu kampung lan desa, omong-omongan ambi kawula alit. Mesthine bain ya golet bala kanggo ngelengseraken Sang Prabu.

Abete Perabu Sulakrama gampang nampa petenah. Omong gawenane para narapraja mau dipercaya bain. Seteruse kelawan alus lan ati-ati, Raden Sidapeksa diperintah Raja golet tamba melebu alas gedhe. Alas Purwa, perlu nggolet godhong mangir kang godhonge wera-wera lan dawa-dawa saingga keneng dienggo sabuk. Anane godhong iku sing ana maning kejaba mong ring telatah Alas Purwa Desa Parangalas.

Rumangsa gok wis dipercaya dadi Mahapatih, kelawan ati mantep tekad kang kuwat, Raden Sidapeksa melebu Alas Purwa liwat Sembulungan, pesisir Pelengkung ring Grajagan. Seteruse njujug padhepokane Begawan Tambaputra, leluhure kang sakti lan durung-durung wis paham gok setemene tekane Raden Sidapeksa iku mong pokal gawene wong-wong kang iri atine lan kepingin nyingkrihaken Raden Sidapeksa. Mula, serehne wis tampa, kelawan welas asih Sidapeksa dikongkon tapa semedi telung ulan lawase. Ring kono Sidapeksa dikancani ambi Sritanjung putune Begawan Tambaputra. Serehne kerep runtung-runtung ambi Sritanjung. Sidapeksa ahire dhemen lan kepingin ngerengkuh Sritanjung dadi rabine. Begawan Tambaputra kang waskita iku weruh putune didhemeni Sidapeksa, ahire dikawinaken lan resmi dadi jodhone.

Sawise iku penganten anyar mau mulih nong Kerajan Sindureja kelawan nggawa godhong mangir kang keneng dienggo tamba lan sabuk. Perabu Sulakrama lan para narapraja kaget weruh Sidapeksa teka, wutuh selamat sing kurang paran-paran. Malah nggandheng putri ayu yaiku Sritanjung. Kabeh atine padha kemerungsung. Nggolek akal liya kanggo materi Sidapeksa. Entek-enteke akal, ahire Perabu Sulakrama merintah Sidapeksa njuwut reca emas telung karat lan gumbala seta telung gelung kang dununge ana ring Indra Kayangan pucuk Gunung Agung panggonane para kahariyan. Reca emas kang rupane meh madhani Sritanjung lan gumbala seta telung gelung iku kabeh

saranane upacara para kahariyan kang tangkeh lamun keneng dijaluk. Tapi serehne Sidapeksa durung ngarti gok diarah patine, Sidapeksa melaku nuhoni perentahe Perabu Sulakrama munggah Gunung Agung liwat Perapat Agung munggah gunung temurun jurang ngelangkah kawah sampik telulas gunung kang diliwati. Hing wedi nemu belahi, sampik itungane sangangpuluh dina lawase.



Sawise gadug lan ketemu sesepuhe para kahariyan, andhap asor Sidapeksa ngomong arep njuwut reca emas telung karat lan gumbala seta telung gulung kaya kang diperintahaken Perabu Sulakrama Para kahariyan padha sing ngarti gok Sidapeksa dipetenah. Rumangsa disepelkaken, para kahariyan mau padha ngerubut lan mulasara Sidapeksa. Kang dipulasara

sambat melas asih ngambat arane Begawan Tambaputra lan Begawan Aswani leluhure. Rungu sambate Sidapeksa, sesepuh kahariyan mau kaget lan ngerangkul Sidapeksa terus dielus-elus. Kabeh padha getun, sebab Sidapeksa iku putune Resi Dharmakusuma kang ana ring Gunung Ijen. Sidapeksa cerita gok tekane iku mau perentahe Perabu Sulakrama. Para kahariyan padha gawe kembarane reca emas telung karat lan gumbala seta telung gulung lan Sidapeksa dikongkon mulih.

Bida maning ceritane kang ana ring Kerajaan Sindureja. Sritanjung kang ditinggal Sidapeksa dikabaraken wis laku serong ambi Perabu Sulakrama. Serta Raden Sidapeksa teka, kabar mau disampekaken lan diimbui gok Sritanjung iku hing keneng dirawati sebab wis wani nerak pelanggaran. Landhepe petenah mula bisa gawe mala. Amuke Sidapeksa mumbal-mumbal kaya geni diububi. Sritanjung dikeleser ring ngisore wit ketapang. Sritanjung kaget lan pasrah hing ngarti gok Sidapeksa wis kepancan petenah. Sidapeksa ndudut keris, sedurunge keris disudukaken, alam Indrakila lan Gunung Raung ring Mayapada jemelegur ngamuk, muntah lahar lan banjir ngelebi Perapat Agung. Sritanjung ngilang nggawa ati putih suci lan kukuh, kaya kukuhe watu gedhe kang sakala iku mencungul kaya buta lan sampek saiki disebut Watu Dhodhol.

Semono uga Kerajaan Sindureja sak isine kaeleban banyu segara kidul, dadi Selat Bali. Raden Sidapeksa bingung nyakseni kedadian mau. Weruh ilange Sritanjung lan pecahe dharatan Indrakila lan Siwa, getune saya ndadi. Ahire, "Sritanjung! Sritanjung!! Tanjung Wangi! Tanjung Wangi! Banyuwangi!" Lahar samudra kang ngeleb Perapat Agung ambune arum kaya arume Sritanjung kang wis ilang nggawa ati suci. Sampik saiki telatah mau disebut Banyuwangi.

Hasnan Singodimayan

SUMBER UMBUL

Sumber Umbul ring mburine gedhung Bhayangkara saiki. bengen asale digawe teka paras pinggir kalen cilik hang dikedhuk Jelowokan bunder iku garis tengahe kira-kira sak dhepa, jerone uga kira-kira ya sak dhepa pisan. Nalika taun sewidak mengisor, banyune Sumber Umbul iku ampuh. Keneng dienggo tamba lara mata. Kadhung ana uwong utawa lare lara matane. mesthi dituntun nong Sumber Umbul iku aju dikongkon raup, Mart raup adate terus nyemplungaken picis kenthingan.

Saiki aja cacak banyune Jelowokane bain wis kaurugan dheket. Apuwa gok bisa asat? Dengen nalika udan awu olan Sawal tahun sewidak telu. Gunung Agung Bali mbeledhos. Dulur dulur Ball hang magih selamat padha ngili, antara liya nyebrang selat Perapat Agung ndharat ring pesisir Banyuwangi. Rombongan dulur Bali mau nelungsung ngulon tanpa jujugan. La, pas ring pinggir kalen cilik hang akeh barongan jajang ori, salah sijine dulur Bali mau nguyuh ambi ngadeg. Sing weruha ring isore panggon nguyuh mau ana Sumber Umbul. Sakat iku banyune Sumber Umbul ngasat-ngasataken sampik kemelinthing garing.

Aju sapa hang duwe Sumber Umbul iku? Kampung Kerantigan, Kelurahan Pengantigan, Banyuwangi, bengen wingi taklam ketekan wong tuwek. Wong-wong Keramigan nyeluk wong tuwek iku Mbah Sargi. Kerungu-rungu, aran sebenere M Zein. Kerana ring Kerantigan ngedegaken padhepokan lan akeh santrine, M. Zein mau disebut KH. M. Zein. Nalika bengen. KH.M. Zein hang lebih lemes diceluk Mbah Sargi, ngongkon santri-santrine nggawe sumber ring tengah paras. Masiya tawis rada parck ambi kalen cilik. Para santri iku padha takon siji lan sijine. Merga sing nemu nong akal. Adate nggawe sumber iku yara

ngedhuk pasir utawa lemah lan meped kalen. Naming aran santri, paran maning santri kuna, keliwar liwat tawaduk nong kiyaine. Masiya ambi mamang, pungkasane para santri mau ya tandang.

Kelawan wesi saktemune, para santri ngongkeli paras sakat melethek sampik surup semgenge. Mamange para santri mau ahire ilang serta leka paras hang dikedhuk mau mumbul mumbul sumber banyu. Tan kocapa, para santri padha girang setengah isin nong atine dhewek-dhewek. Merga sedurunge ngedhuk mau atine padha setengah percaya setengah using. Kelawan mumbule sumber banyu mau, wong-wong sak ubenge ngarani Sumber Umbul. Hang duwe Mbah Sargi. Kapan Sumber Umbul iku digawe?

Jare, ceritane KH. M. Zein iku bengen anake perajurite Pangeran Diponegara. Nalika Sentot Ali Basah nganakaken perlawanan nong VOC hang ring Batavia, M. Zein cilik milu kanthil apake. Serta wis katon gedhe, M. Zein dipercaya nyebaraken agama Islam lan ngajak wong nusantara ngelawan VOC. Sedurunge jujug ring Kerantigan, M. Zein hang tugase kudu melaku ngetan iku keceluk Sargiyyun, gampange ucap Sargi, Jujuge ring Mataram Sumbawa. Serta ring Mataram wis akeh santrine, ditinggal nyebrang nong Bali sampik rabi ambi anake penggedhe Bali (putri Bali hang dadi rabine iku digawa nyang Banyuwangi, kuburane persis wetane kuburane Mbah Sargi).

Ring Bali, kabare Mbah Sargi bisa ngumpulaken santri lan wani ngelawan VOC. Teka Bali nyebrang nong Banyuwangi, pase ring Kampung Kerantigan sekira taun 1790-an. Mbah Sargi iku keliwat suker nong VOC Sebage, ancure benteng Bayu lan enteke perajurit Blambangan ya VOC penyakite. Sing iku bain. uwale panggone pemerintahan Kerajaan Blambangan teka Luh Pampang nong Banyuwangi uga uwahe kerajaan dadi kabupaten iku kabeh

pokale bangsa Landa. Mbah Sargi melebu nong Banyuwangi kira-kira taun 1775. Bengen, kadhung ana pengumuman-pengumuman penting. kacung-kacung kadipaten hang wis diideg sikile ambi VOC mesthi ngetheng-etheng gong melebu metu kampung ambi nyampekaken pengumuman teka VOC.

Sing luput kampung Kerantigan. La saben-saben ana suwara gong hang dicangking para utusan kadipaten melebu kampung Kerantigan, Mbah Sargi perentah nong wong kampung supaya ngineb lawang umahe. Mbah Sargi bangkel kerungu suwara gong. Mangkane sampik saiki-iki ring Kerantigan sing ulih ana wong nggantung gong. Embuh iku arak-arakan utawa ana tontonan wong duwe gawe. Balik nong ceritane Sumber Umbul. Sawijine dina, santrine Mbah Sargi ana kang satru, yaiku Bodhos lan Buwang Embuh paran mergane. Santri-santri liyane weruh kadhung Bodhos lan Buwang iku padha-padha sing ngomong aliyas satru. Mbah Sargi kerasa. Pas semgence meh lingsir. Bodhos lan Buwang mau diajak nong Sumber Umbul.

Santri-santri liyane ana hang cekikikan, ana hang kuwatir aja-aja Bodhos lan Buwang mau dieres. "Santri liyane aja ana kang nututi," jare Mbah Sargi. "Nggih..," jawabe para santri meh barengan. Wayah rantak-rantak wong telu iku runtung-runrung melaku nong Sumber Umbul hang adohe teka pondhokane kira-kira 200 meter arah ngidul ngulon. Serta gadug nong Sumber Umbul, Mbah Sargi ngomong. "Aja ngalih-ngalih kadhung isun durung teka!" "Nggih," jawabe Bodhos lan Buwang "Sandhal iki jaganen," Mbah Sargi ngongkon ambi nyoplok sandhale. "Nggih," jawabe santri loro mau. Mari nyoplok sandhal, Mbah Sargi nyemplung nong Sumber Umbul sak sarunge, sak kelambine, ya sak kethune. Bodhos lan Buwang padha kajon. Serta kekarone kethip, Mbah Sargi mau wis sing ana. Saya suwi semgence saya ilang dikemuli gunung kulon. Cenggeret saut-sautan, rada suwi ditimpali suwarane kodhok, walang lan jangkrik.




Saya suwi langit peteng. Bodhos lan Buwang padha naboki sikile dhewek-dhewek merga dicokoti rengit. Kerana satru, kahanan sintru suwara-suwara bengi iku saya nyiutaken ati. Angin silir-silir. Kadhang-kadhang ana suwarane belarak kelapa sempleh lan tebluk. Sak suwen-suwen Mbah Sargi hang ngilang ring Sumber Umbul iku sing njumbul-njumbul. Suwi-suwi Bodhos ngomong. "Nong endi ndane Mbah Sargi iku yo?" Buwang sungkan nyauti. Rada suwi Buwang ngomong, "Endhane Mbah Sargi iku sing kecindhilen?" Bodhos ugasing nyauti. Wangune hawa saya adhem. Angin nganter-anteraken. "Munggone nggawa coret yara enak mau," jare Buwang Sing nyangka Bodhos nimpali. "Iya, ya bisa ngobong-obong kayu garing enggo aring-aring." Pungkasane

sing kerasa Bodhos lan Buwang gesah-gesahan. Nawi bain karo-karone padha-padha duwe rasa wedi. Merga, Sumber umbul iku panggonane nong lebak. Sak ubenge, barongan jajang ori keliwat wingit. Embuh merga padha wedine embuh using, iku sing penting. Hang penting Bodhos lan Buwang wis bisa gesah-gesahan keloronan. Wis sing satru maning.

Rada suwi Mbah Sargi njumbul teka njero Sumber Umbul. Aneh, pakean lan kulite Mbah Sargi magih garing. Sunggana setetes banyu kang cemanthol nong kethune. "Isun teka sembayang jemaah magrib lan isak nong Mekah," jare Mbah Sargi. Bodhos lan Buwang mong bisa melengok. Sing percaya iku kiyai, lan nyatane njumbul teka sumber. Awake lan pakeane magih tetep garing. "Wong urip iku kudu nguber rahmate Kang Kuwasa. Salah sijine dalan dienggo nguber iku silaturahmi," ucap Mbah Sargi ambi ninggalaken Sumber Umbul.

Abdullah Fauzi



Endorsment



Cerita rakyat yang ditulis oleh para pengisah terbaik Banyuwangi ini seluruhnya ditulis dalam bahasa Using. Bahasa Ibu masyarakat di timur pulau Jawa, yang masyarakatnya dilahirkan dengan darah seniman unggul, periang, inklusif, dan toleran. Keempatbelas kisah otentik itu dihadangkan sepenuhnya dalam bahasa Using, mengapa tidak? Jika ingin mengetahui jiwa masyarakat, belajarlh bahasa yang dituturkan masyarakatnya. Maka, jangan mengaku tahu banyak tentang Banyuwangi, jika Anda melewatkan Dongenge Wong Banyuwangi!.

Dr. Ari Ambarwati, S.S., M.Pd.

Peneliti sastra-sastra anak-pembelajaran sastra,

Dosen Universitas Islam Malang, Pengisah Bocah Rempah dan Nusantara dalam Piringku.

Cerita rakyat merupakan salah satu sarana memahami dunia sekitar dan mengekspresikan gagasan, ide-ide, dan nilai-nilai kepada orang lain, serta mewariskan gagasan dan nilai-nilai tersebut dari suatu generasi ke generasi berikutnya. Cerita rakyat memiliki fungsi kultural dan memegang peranan penting dalam pembentukan karakter karena melalui kegiatan mengkaji nilai-nilai yang terkandung dalam sastra tradisional tersebut dapat ditumbuhkan sikap dan rasa bangga, percaya diri, dan rasa ikut memiliki terhadap warisan budayanya sendiri.



Suratno, S.S., M.Pd.

Plt. Kepala Dinas Pendidikan Kabupaten Banyuwangi

ISBN 978-623-95161-6-1 (PDF)



9 786239 516161



Dinas Perpustakaan dan Kearsipan
Kabupaten Banyuwangi
Jl. Jaksa Agung Suprpto No. 43, Penganjuran
Kabupaten Banyuwangi



DEWAN KESANIAN BLAMBANGAN